


KORE TIFI

An nou anpeche vyolans
sou tifi nan kominate nou



Mache kòt-a-kòt
avèk metodoloji
Raising Voices
SASA!



REPANSE POUWVA
An nou balansé pouvwa ant fi ek qason



BEYOND BORDERS

Kore Tifi: An nou anpeche vyolans sou tifi nan kominate nou

Depo legal nan Bibliyotèk Nasyonal d Ayiti: 16-04-248

Dwa pou vèsyon orijinal ann Angle a:

© Beyond Borders, 2016

Tout dwa yo rezèv.

ISBN: 978-99970-4-705-2

Otè prensipal

Sara Siebert

Otè prensipal kourikoulòm Franse yo

Jean Prosper Elie, Emanuela Paul

Otè ki kontribiye nan tèks yo

Daniel Adonis, Jean Prosper Elie, Marie Isnise Romelus, Marie Maude

Charles, Solange Beauvil, Missoule Duperoy, Robyn Yaker

Atis

Chevelin Pierre

Editè

Robyn Yaker, Pam Kirby

Tradiktè

Jean Prosper Elie, ak sipò Jean Luc "Djalòki" Dessables ak Fequiere Vilsaint

Designer

Mireia Porta Arnau, Bukante editorial

Beyond Borders

5016 Connecticut Ave. NW

Washington, DC 20008, USA

Pwogram Repanse Pouwva

16, Jakmèl, Enpas Galaksi, Breman, Ayiti

Tel: Etazini +1 202 686 2088 / Ayiti: +509 3617 1815

Imèl: annanpechevyolans@gmail.com

Sit wèb: (Angle) beyondborders.net/ (Kreyòl) repansepouvwa.org

Yon mèsi espesyal pou jenewozite òganizasyon sa yo:

NoVo Foundation
create. change.



Men sa ki genyen nan Kore Tifi

Entwodiksyon Kore Tifi paj 6

Poukisa nou bezwen Kore Tifi?: Keson moun konn poze souvan paj 25

Kijan Kore Tifi ap Mache? Swivi ak Evalyasyon paj 35

Faz 1: Kòmanse

Faz 1 (Kòmanse) Pazapa	paj 3
Monte yon Rezo pou Chanjman	paj 13
Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi	paj 25
Chwa ak Preparasyon Lekòl	paj 45
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo	paj 62
<i>Materyèl Mobilizasyon Kominotè</i>	paj 97

Faz 2: Konsyantize

Faz 2 (Konsyantize) Pazapa	paj 4
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo	paj 13
Gid Aktivite pou Klèb Tifi	paj 41
<i>Materyèl Mobilizasyon Kominotè</i>	paj 55

Entwodiksyon Kourikoulòm Kore Tifi

Konsyantize: Kourikoulòm pou elèv 7yèm a 9yèm Ane Fondamantal

Faz 3: Sipò

Faz 3 (Sipò) Pazapa.	paj 4
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo	paj 11
Gid Aktivite pou Klèb Tifi	paj 38
<i>Materyèl Mobilizasyon Kominotè</i>	paj 52

Sipò: Kourikoulòm pou elèv 1ye ak 2yèm ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segonn)

Faz 4: Aksyon

Faz 4 (Aksyon) Pazapa	paj 4
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo	paj 12
Gid Aktivite pou Klèb Tifi	paj 40
<i>Materyèl Mobilizasyon Kominotè</i>	paj 52

Aksyon: Kourikoulòm pou elèv 3yèm ak 4yèm ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo)

Ochan

“Men anpil, chay pa lou.”

— Pwovèb Ayisen


Nou voye gwo remèsiman bay Raising Voices ak *Center for Domestic Violence Prevention* (Sant pou anpeche vyolans nan kay - CEDOVIP) pou jenewozite yo ki te pèmèt yo pataje *SASA!* san grate tèt, e pou gade detay dokiman kle Kore Tifi yo. Metodoloji sa a pa t ap egziste san fondasyon yo te bati ak tout rechèch yo fè san pran souf.

Si Kore Tifi egziste, se gras ak sajès rezo kominotè Repanse Pouwva. Yo enspire nou nan chèche fason pou mobilize kominote a pou anpeche vyolans sou tifi, menm jan *SASA!* te enspire yo chèche fason pou mobilize kominote a pou anpeche vyolans sou fanm.

Nou di klèb tifi yo, kòdonatris, kòdonatè ak menntò anndan Rezo Aksyon pou Fi Ayisen (*Haiti Adolescent Girls Network*) mèsi anpil. Nan entèvyou ak vizit nou te fè kote klèb tifi yo, manm yo te ede nou jwenn sijè prensipal yo ki sèvi fondasyon pou metòd sa a. Klèb tifi nan lekòl ak nan kominote yo te ede nou tou nan teste materyèl yo pou asire yo resevwa bon jan apwobasyon tifi. Tifi ak jèn fi nou rankontre nan travay sa a enspire nou e yo montre nou, nan tèt ansanm, nou kapab kreye chanjman nou vle wè yo.

Yon gwo mèsi pou manm Ekip Repanse Pouwva, ni sa ki te la anvan, ni sa ki la kounye a: Daniel Adonis, Marie Solange Beauvil, Marie Maude Charles, Missoule Duperoy, Jean Prosper Elie, Emanuela Paul ak Marie Isnise Romelus, pou enèji yo ki pa janm fini, enspirasyon yo ak je klere yo ki wè tout ti detay san ratman. Nou te fè eksperyans yon pwosesis kreyasyon, tès ak revizyon dokiman sa yo ki te enkwayab, e ki aprann nou gwo lesон sou tifi, sou kominote, ak sou pwosesis chanjman. Nou di tout Ekip Beyond Borders la yon gwo mèsi tou; se lafwa yo, ankourajman yo, sipò yo, fon yo leve yo ak apresyasyon yo ki pèmèt travay sa a fèt!

Yon gwo mèsi espesyal pou Pè Lesly Jean Charles ak Frè Gracet Colbert, Direktè Enstitisyon Miks Pè Louis-Farnèse Louis-Charles nan Kap Wouj (Jakmèl/Ayiti), Frè Jean Joseph Beaucicot, Frè Réginald Lochard ak tout pèsonèl ak elèv lekòl la. Lekòl la te sèvi kòm lekòl pilòt pou pwosesis la ak kourikoulòm Kore Tifi. Angajman yo pou anpeche vyolans sou tifi, ak èd yo ba nou pou pèmèt nou kreye materyèl bon kalite k ap ede lòt lekòl fè menm jan avèk yo sèvi



kòm modèl ki ap kontinye enspire nou pou lontan. Yon mèsi patikilye pou pwofesè ak pwen fokal lekòl la ki te ede nou kreye kourikoulòm nan ak pwosesis chanjman pou lekòl yo: Rony Antoine, Auguste Jean Boniphar, Dieumerite François, Jean Baptiste Gabner, Maître Pierre Léonel, Aimable Benoit, Marie Thérèse Dagrin Blaise, Misseline François, Jean Léon Isidor, Sony Isidor, Sherline Jeudi, Omanite Jean Pierre, Claudamise Jean Simon, Djessica Laguerre, Saint Jean Louis, Dieulan Marcelin, Rosenite Noel, Guy Volma ak tout elèv LFLC.

Yon gwo mèsi pou Abenson Avril – anpil pati nan metodoloji sa a pa t ap posib san angajman li kòm aktivis nan lekòl yo e nan kominate I Kap Wouj.

Mèsi pou sipò ekstraòdinè moun ki te ede nou teste materyèl yo anndan kominate yo, epi amelyore yo: Rose Andrène Alexandre Syverin, Jean Garry André, Esperance Benoit, Luma Brutus, Fénite Charles, Linda Clairissaint, Genèse Daniel, Ludgine Dauphin, Lormand Dieumerite, Gina Dominique, Marie Netide Gentil, Jean Claude Jean Charles, Gerdie Jeremie, Dukens Lambert, Francique Laurent, Jean Médez Lazard, Mackenson Leger, Fredo Laronde, Rev. Past. Dieucin Marcelin, Rose Marie Médé, Mirlène Michel, Lormand Meritil, Marie Denise Mondesir, Eva Louis, Ezechiel Louis Charles, Fritzner Philogene, Nicole Jean Pierre dit P.L, Dieuveut Pierre Fils, Marie Rosaire Paul, Edia Pierre, Osse Manuel Recule, Omène Remy, Romanes Samedi, Gregoire Samuel, Valentine Samedi.


Nou te apresye bèle eksperyans travay nou te fè ak Chevelin Pierre, ki se atis ak grafis. Nou retire chapo nou devan talan li ak pasyans li. Mèsi tou Bukante Editorial pou desen grafik li.

Mèsi pou Jennifer Catino, Lori Michau, Tina Musuya, Jody Myrum ak Myriam Narcisse ki te fè revizyon enpòtan dokiman kle yo e ki te kapab pouse nou nan refleksyon nou pou nou toujou chèche jwenn nouvo lide ki pi bon e ki pi klè.


Yon gwo kout chapo pou *Population Council* ki te ede nou konprann fason pou nou mete tifi kòm poto mitan yon pwogram. Epi yon gwo ochan pou *Global Women's Institute* pou sipò nan kreyasyon zouti "Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon".

Finalman, yon mèsi pou *American Jewish World Service*, *Imago Dei Fund* ak *Novo Foundation* pou bèle sipò yo ak disponibilite yo nan pwosesis kreyatif sa a.

Kore Tifi se rezulta travay anpil moun se vre. Men tout erè se reskonsabilite otè yo.



ENTWODIKSYON KORE TIFI



Kote Kore Tifi soti

Kore Tifi soti dirèkteman nan konsèy ak rekòmandasyon lidè klèb tifi Ayisyen ak kominote nan Sidès Ayiti ki te patisipe nan pwogram Repanse Pouwva /Beyond Borders ki sèvi ak metòd SASA!. Aktivis kominotè, lidè reliye ak lòt moun te konstate chanjman pozitif SASA! t ap pote nan kominote yo, men yo wè te genyen yon bagay ki te manke tou: anpil fanm te benefisyé bon chanjman pozitif nan lavi pèsonèl yo, men pitit fi yo pa t rive benefisyé chanjman yo menm jan. Aktivis yo vin reyalize yo te dwe apiye pifò sou kesyon ki konsène tifi an patikilye pou pèmèt yo benefisyé chanjman pozitif yo tou. Yo vin wè tou, non sèlman se tout moun nan kominote a ki dwe angaje nan chanjman sa yo, men yo te bezwen enplike aktè ki genyen enpak pi dirèk sou lavi tifi yo, tankou paran yo, moun ki okipe yo, ak lekòl yo, pi fon toujou. Se konsa Kore Tifi vin pran nesans.

Kisa SASA! ye?


Mo "sasa" a soti nan lang Kiswayili; li vle di: "kounye a". Kounye a, li lè li tan pou nou anpeche vyolans sou fanm ak tifi, epi enfeksyon VIH/SIDA!

SASA! Gid aktivis pou anpeche vyolans sou fanm ak enfeksyon VIH/SIDA se yon metodoloji ki baze sou rezulta ankèt syantifik.¹ Se Raising Voices, ann Ougannda ki te devlope li, Repanse Pouwva/Beyond Borders te adapte li pou Ayiti. SASA! se yon pwosesis ki genyen plizyè faz ladan li ki kreye chanjman kominotè nan angaje aktivis nan tout nivo nan kominote a pou dechouke vyolans sou fanm. Sa fèt nan ekilibre pouvwa egalego ant fanm ak gason nan yon kominote.



Kisa Kore Tifi ye?

Kore Tifi se yon gid pazapa pou òganizasyon ak aktivis ki vle anpeche vyolans sou tifi epi ogmante pouvwa tifi nan kominote a. Gid sa a marye ansanm pwogram ki santre sou tifi avèk pwosesis chanjman nòm sosyal nan yon kominote ki mete aksan sou wòl paran ak lekòl tou. Nou kapab sèvi avèk gid la pou kont li, oubyen tou nou kapab sèvi avèk li pou konplete "SASA!: Gid Aktivis pou Anpedeche Vyolans sou Fanm ak Enfeksyon VIH/SIDA" ki deja fè prèv li.



Kore Tifi marye plizyè apwòch pou anpeche vyalans ki baze sou rezulta ankèt syantifik, e ki genyen aktivite sa yo ladan li:

- * ranfòse pouvwa tifi ak jèn fi atravè patisipasyon yo nan **klèb tifi**;
- * **enplike gason ak ti gason** nan travay pou ekilibre pouvwa egalego nan relasyon ant gason ak fi, e pou mesye yo tounen aktivis pou pouvwa tifi;
- * pote chanjman nan dezekilib pouvwa ki egziste ant fi ak gason nan lekòl, atravè **yon pwosesis ki angaje tout moun nèt nan yon lekòl**, e ki genyen ladan li fòmasyon pou Ekip lekòl la, mizannèv kòd kondwit ak sistèm pou refere moun, aktivite pou Ekip ak elèv pandan timoun yo pa nan klas, ak yon kourikoulòm pou twazyèm sik fondamantal ak nouvo segondè ki tou marye ak objektif pwogram regilye klas yo;
- * **chanje valè ak pratik sosyal** yon fason ki pou ranfòse sekirite tifi, libète ak kapasite pou yo pale e pou moun tandé yo, atravè **zouti espesyal pou kominate a, e pou paran ak moun ki okipe tifi yo**.

Kore Tifi ap ba nou tout zouti n ap bezwen pou nou pote chanjman dirab nan kominate kote n ap travay yo!

Kisa pouvwa tifi ye?

Sekirite tifi + Libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandé yo + Pouvwa kominate a pou ede ak asiste tifi yo

= Pouvwa tifi!

Lè tifi genyen pouvwa, non sèlman moun respekte byennèt emosyonèl ak sosyal yo, diyite yo ak dwa yo, men tou moun nan kominate a travay aktivman pou asire bagay sa yo reyalize. Genyen 3 eleman prensipal nan pouvwa tifi: **1) sekirite tifi, 2) libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandé yo, ak 3) pouvwa kominate a pou ede ak asiste tifi.**

Sekirite tifi se lè pa genyen okenn vyalans fizik, okenn vyalans seksyèl, okenn vyalans emosyonèl, ni okenn vyalans ekonomik sou tifi, ansamn ak kondisyon ki pèmèt tifi viv lib san okenn laperèz pou vyalans sa yo ta menase yo.

Libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandé yo vle di "libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandé yo anndan kay ak nan piblik, pou yo kapab pran desizyon ki konsène

pwòp lavi yo e pou yo aplike desizyon sa yo nan bi y ap vize, san yo pa sibi okenn vyolans, ni pinisyon, ni laperèz.”²

Pouvwa kominote a pou ede ak asiste tifi yo se yon pwosesis kote moun nan yon kominote travay ansanm pou yo kreye nouvo valè ak nouvo pratik ki pa danse kole ak vyolans sou tifi e ki apiye yon ekilib pouvv a ant fanm ak gason. Sa vle di tou y ap kreye nouvo “nòm sosyal” ki nan avantaj ni tifi, ni kominote kote y ap viv yo.

“Nòm sosyal” se kwayans ki detèmine sa moun konsidere ki “kòrèk”, oswa akseptab pou moun fè nan yon kominote.

Lè nou marye jefò pou nou asire sekirite tifi ak jefò pou ranfòse libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandé yo, pandan n ap asire pouvwa kominote a pou ede ak asiste tifi yo, lè sa a n ap ranfòse pouvwa tifi!

E ti gason yo atò?

Moun ki ap angaje nan Kore Tifi ap tandé kesyon sa a souvan: “E ti gason yo atò?” Ti gason ap angaje aktivman kòm aktivis nan Kore Tifi, soti depi nan tèt rive nan dènye bout. Byennèt ti gason yo ak sa y ap pote yo enpòtan anpil nan pwosesis sa a. N ap kapab aprann plis sou sa, ansanm ak kèk jan pou nou kominike sa, nan “Poukisa nou bezwen Kore Tifi?: Kesyon moun konn poze souvan” (al gade paj 29).

Ki bi Kore Tifi?


Bi Kore Tifi se kreye relasyon, ranfòse lekòl ak kominote ki pèmèt fi ak gason kapab jwi pouvwa yo egalego. An patikilye, Kore Tifi ap pèmèt nou ogmante sekirite, libète ak kapasite tifi yo pou yo pale e pou moun tandé yo. Sa ap rive fèt nan ede kominote yo fè refleksyon sou dezekilib pouvwa ki egziste ant fi ak gason, nan ranfòse konpetans yo pou yo transfòme nòm sosyal kominote a. Objektif faz Kore Tifi yo se pote nouvo konesans, pèmèt nouvo konpetans, chanje kèk kwayans ak konpòtman.


Pou plis ransèyman sou rezulta Kore Tifi, al gade “Kijan Kore Tifi ap Mache? Swivi ak Evalyasyon” (paj 35) ak diferan gid faz pazapa yo (Faz 1 paj 3, Faz 2 paj 4, Faz 3 paj 4, ak Faz 4 paj 4).

Poukisa genyen vyolans sou tifi?


Vyolans sou tifi ak fanm, se nenpòt menas oswa zak fizik, emosyonèl, seksyèl oubyen ekonomik ki fèt sou yon tifi oswa yon fanm, e ki lakòz kèk mal nan entansyon pou kenbe yon fi oswa yon fanm anba pouvwa lòt moun.³ Menm jan ak vyolans sou fanm, vyolans sou tifi se yon pwoblèm jeneral ann Ayiti ak toupatou nan lemonn. Nan nivo mondal, sou chak 3 fi an jeneral, youn ladan yo fè eksperyans vyolans seksyèl nan lavi li.⁴ Ann Ayiti atò, sou chak 3 tifi, youn ladan yo fè eksperyans vyolans anvan li rive gen 18 lane.⁵ Lè tifi tou tan anba menas vyolans san rete, yo pa ka devlope kapasite pou yo fè tout sa yo ta kapab fè. Donk ni fanmi yo, ni kominote yo pa rive reyalize tout sa yo te sipoze reyalize.

Sa ki fè pwoblèm vyolans sou tifi si tèlman grav, menm jan ak vyolans sou fanm tou, se paske se yon pwoblèm sistemik li ye, ki vle di yo aksepte sa kòm yon bagay nòmal nan sosyete a, e li kontinye jwenn ranfòsman nan mantalite ak abitid ki bay tifi mwens valè pase ti gason. Kòz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm se dezekilib pouvwa ant gason ak fi. Dezekilib sa a pa bay tifi an jeneral ase chans pou yo epanwi e sa ralanti devlopman fanmi ak kominote yo. Kidonk, anpeche vyolans sou fi vle di transfòme sistèm pouvwa sa a ki an dezekilib pou pèmèt tifi ak ti gason jwi menm pouvwa egalego. Pou nou kapab genyen bon relasyon solid ant fi ak gason, bon lekòl ak kominote ki djanm, li esansyèl pou nou travay pou relasyon san vyolans ak ekilib pouvwa.



	KONSEKANS VYOLANS SOU TIFI 	AVANTAJ LÈ TIFI VIV SAN VYOLANS 
	<p>Konsekans sou tifi:</p> <p>Yo gen plis tandans panse tiye tèt yo, bwè alkòl, fè pitit san yo pa vle, trape enfeksyon VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, genyen konpòtman ki mete yo an danje pa rapò ak fè bagay, aksepte fè bagay anba presyon ann echanj lajan oswa favè. Tifi ki wè vyolans ki fèt sou manman yo genyen plis chans pou yo fè eksperyans vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>	<p>Avantaj pou tifi:</p> <p>Yo pi alèz ak pwòp tèt yo e yo kwè nan tèt yo plis, yo genyen mwens tandans panse tiye tèt yo e yo genyen mwens pwoblèm sante. Tifi yo rete tann lè yo pare anvan yo fè pitit. Yo viv pi lontan e yo pi an sante. Relasyon koup yo pi solid. Yo genyen mwens chans pou yo fè eksperyans vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>
	<p>Konsekans sou gason ak ti gason:</p> <p>Relasyon yo pa anfòm, yo pèdi bon relasyon ak zanmi ak fanmi, yo ale nan prizon, yo depanse lajan yo nan pwoblèm sante. Ti gason ki wè vyolans ki fèt sou manman yo genyen plis chans pou yo sèvi ak vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>	<p>Avantaj pou gason ak ti gason:</p> <p>Yo genyen pi bon relasyon ak zanmi yo ak fanmi yo, yo jwenn plis amoni, yo jwenn respè nan kominote yo e ti gason genyen mwens chans pou yo sèvi ak vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>
	<p>Konsekans sou lekòl:</p> <p>Elèv yo genyen plis estrès, maladi, distraksyon ki pa ede yo fokis sou rezulta yo, move nòt, yo pa motive, lekòl la genyen move repitasyon, pa gen anpil tifi ki enskri nan lekòl la. Elatriye.</p>	<p>Avantaj pou lekòl:</p> <p>Pi bon rezulta, elèv yo pi kontan aprann, bon repitasyon, genyen anpil tifi ki enskri. Elatriye.</p>
	<p>Konsekans sou fanmi, kominote ak sosyete a:</p> <p>Fanmi yo divize, yo vin san respè epi yo fè bak nan tout sans. Paske moun pa pwodui nan nivo yo ta kapab epi tout moun pa gen menm pouvwa nan sosyete a pou yo travay, sa vin bay yon defisi ekonomik. Vin gen plis moun k ap bay sistèm sèvis ki la pou trete sivivan yo presyon paske demann yo pa satisfè. Vin gen mwens angajman sivik epi sitwayen ak sitwayen yo vin gen mwens kapasite pou yo pote kichòy ki ka itil sosyete a. Elatriye.</p>	<p>Avantaj pou fanmi, kominote ak sosyete a:</p> <p>Plis inyon ak konfyans nan fanmi, plis patisipasyon sitwayen ak sitwayen nan vi kominote a, plis nouvole ak avansman, pi bon rezolisyón konfli, plis sekirite nan kominote, moun pi kontan e yo pi an sante nan kominote yo. Gen plis devlopman. Elatriye.</p>

Pou plis enfòmasyon sou jan pou nou esplike poukisa li enpòtan pou nou travay pou ranfòse pouvwa tifi, al gade "Poukisa nou bezwen Kore Tifi?: Keson moun konn poze souvan", paj 25.



— Abenson Avril, aktivis SASA ak Kore Tifi, Jakmèl, Ayiti

Makonnay ki egziste ant vyolans sou tifi, vyolans sou fanm ak vyolans sou timoun

Genyen gwo makonnay ant vyolans sou tifi, vyolans sou fanm ak vyolans sou timoun. Yo tout soti nan dezekilib pouvwa, e vyolans sou chak nan gwoup sa yo genyen enflyians sou lòt yo. Epi tifi fè pati yo tout —nan definisyon timoun (se moun ki ant 0 ak 18 lane)⁶ e nan done sou vyolans sou fanm (an jeneral, laj fanm ki patisipe nan ankèt pou analize vyolans sou fanm se ant 15 ak 49 lane).⁷

Moun nan kominote yo konn di vyolans mennen vyolans. "Gason an bat madanm li, madanm nan bat timoun yo, e timoun yo bat chen an." Menm si moun ki konn di sa yo konnen reyalite a pa toujou senp konsa, rechèch ki fèt yo montre genyen anpil makonnay ant vyolans sou fanm ak vyolans sou timoun.⁸ Timoun k ap grandi nan kay kote manman yo ap sibi abi, yo pi an danje pou yo sibi vyolans yo menm lè yo vin gran.⁹ Ti gason ki sibi abi genyen plis chans pou yo fè abi seksyèl sou tifi, e yo kòmanse fè sa anvan yo vin gran.

Malgre makonnay ki genyen ant vyolans sou tout gwoup sa yo, chanjman abitid nan domèn vyolans sou lòt gwoup yo pa toujou vle di chanjman abitid nan vyolans sou tifi. Genyen plizyè fòm ak diferan dezekilib pouvwa ki lakòz vyolans sou tifi — fanm genyen gwo kokennchenn pouvwa sou lavi tifi e pouvwa ti gason konn plis pase pouvwa tifi anpil; sa vin ajoute lòt dimansyon nan travay pou anpeche vyolans sou tifi. Kidonk, n ap bezwen zouti ak teknik espesyal pou nou kapab pote repons ki pi efikas posib pou konble bezwen ak rezoud pwoblèm tifi an patikilye. E se tout kominote ki bezwen òganize pouvwa yo pou ede ak asiste tifi yo.

Kijan Kore Tifi ap kreye chanjman?

Teyori chanjman Kore Tifi



+



=

PI BON SEKIRITE,
LIBÈTE AK KAPASITE TIFI
POU YO PALE E POU
MOUN TANDE YO!

ATANSYON ESPESYAL E RANFÒSE POU
TIFI NAN KLÈB KI POU TIFI SÈLMAN

CHANJMAN NÒM SOSYAL NAN KOMINOTE A
✖ Pwosesis kominotè

✖ Pwosesis nan nivo lekòl la

✖ Zouti pou paran

Kore Tifi marye 2 apwòch prensipal pou kreye chanjman pozitif: metòd kreyasyon pwogram ki santre sou tifi ak mobilizasyon kominotè pou chanjman nòm sosyal.

Metòd kreyasyon pwogram ki mete aksan sou tifi¹⁰ bay tifi sipò pou yo pran wòl lidèchip nan devlòpman pwòp tèt yo ak devlòpman kominote yo. Metòd sa a mete pawòl tifi nan baz pwosesis kreyasyon pwogram yo — moun ki kreye pwogram yo dwe tande lide, opinyon ak enkyetid tifi yo dirèkteman nan bouch yo e yo dwe travay ansanm ak tifi yo pou kreye chanjman yo wè ki pi bon an. Sa mande pou yo òganize yo yon jan, e pou yo kreye “espas ki an sekirite” espesyal kote tifi yo kapab idantifye bezwen yo, aprann eksprime lide yo, epi travay pou yo jwenn solisyon yo bezwen yo.

Menm jan moun kapab chanje kwayans yo, sosyete a kapab chanje divès eleman nan mantalite li ak abitid li yo tou! Genyen prèv ki montre, lè nòm sosyal yon kominote pouse moun sispann aksepte vyolans ak blokaj pouvwa tifi pou yo ankouraje relasyon san vyolans ak ekilib pouvwa, sa pèmèt kominote sa a anpeche vyolans sou fanm ak tifi epi enfeksyon VIH/SIDA avèk efikasite.^{11,12} Nan yon mobilizasyon kominotè, tout moun nan kominote a angaje pou chanjman, e sa se youn nan fason ki pi efikas pou fè chanjman nòm sosyal.¹³

Maryaj 2 apwòch sa yo enpòtan. Tifi dwe nan baz chanjman k ap fèt nan lavi yo. An menm tan, lè tifi kòmanse chanje pandan kominote a rete jan li te ye a, yo kapab pa jwenn chans pran pouvwa yo te aprann reklame nan klèb tifi yo. Sa ki pi grav toujou, vyolans sou tifi kapab ogmante si y ap reklame pouvwa yo nan yon kominote k ap reziste kont chanjman. Se rezon sa a ki fè Kore Tifi angaje ak tifi epi ak kominote a ansanm nan pwosesis chanjman.

Pwogram ki santre sou tifi + mobilizasyon kominotè pou chanjman nòm sosyal


= Kore Tifi

Lè nou limite libète tifi, èske sa anpeche vyolans?

Akòz gwo pwoblèm vyolans sou tifi ki egziste toupatou, epi jan moun konn santi fason tifi an danje pou yo sibi vyolans, ni paran ak moun ki okipe tifi yo, ni dirijan lekòl, ni moun nan kominote yo konn vle limite libète tifi. Yo fè sa ak bon entansyon pou pwoteje tifi yo, olye pou yo egzije moun ki sèvi ak vyolans, kominote yo pran reskonsabilite chanje, epi rann kont sou zak yo. Se konsa, pa egzanp, granmoun nan kay konn pa vle kite tifi patisipe nan aktivite andeyò kay la, swadizan pou “pwoteje” yo, pandan yo kite ti gason patisipe nan aktivite ki pèmèt yo devlope kapasite yo, talan yo ak rezo sosyal yo an libète.

An reyalite, lè nou limite libète tifi pandan nou pèmèt ti gason devlope tèt yo libelibè, sa ogmante dezekilib pouvwa ki mete tifi yo an danje pou yo sibi vyolans. Sa kraze libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandem, sa fè tifi rete izole, e sa ogmante danje pou yo fè eksperyans vyolans. Epitou, lè nou limite libète tifi, sa vle di nou mete pwa reskonsabilite sekirite yo sou zepòl pa yo, alòske sèl fason efikas pou fini ak pwoblèm vyolans lan se pou chak gress moun, e tout kominote a an jeneral pran angajman pou yo pa sèvi ak vyolans. Lè fini, gason ak ti gason ki sèvi ak vyolans sou tifi, pi souvan se moun tifi yo te fè konfyans¹⁴, ki abitye ak tifi yo, e ki konn antre soti kay tifi yo. Kidonk, limite libète tifi agrave pwoblèm nan pi plis toujou. Li pi efikas pou nou angaje kominote a nèt nan chanjman pou anpeche vyolans. Chanjman sa a posib; nou wè sa fèt deja!

Kijan pou nou sèvi ak Kore Tifi



Yon pwosesis chanjman total kapital

Li enpòtan pou òganizasyon ak kominote ki vle sèvi ak Kore Tifi konsidere resous ak tan yo genyen disponib san bay tèt yo manti, e pou yo pran angajman pou yo fin konplete tout pwosesis la nèt, jouk nan bout. Sa vle di y ap angaje tèt yo pou yon pwogram travay k ap dire 3 zan.

Menm si li pa kouran pou yon òganizasyon jwenn tout finansman li bezwen pou 3zan, òganisazyon pa nou an kapab pran angajman pou kontinye chèche fon pou ede l konplete tout pwosesis la nèt. Si nou kòmanse Kore Tifi e nou sispann aktivite yo nan mitan, nou riske fè pwoblèm nan vin pi grav olye nou rezoud li. Premye pale moun yo ap fè sou koze vyolans seksyèl ak vyolans nan kay kapab ranfòse opinyon yo ak blam ki egziste deja, epitou sa ka reveye soufrans tifi ak fanm ki fè eksperyans vyolans. Li enpòtan anpil pou nou kontinye pwosesis la pou ede moun apwofondi refleksyon yo sou abitid yo, sou jan pou yo devlope kapasite yo pou yo ofri sipò yo, sou chanjman sistèm dominasyon an, e pou tout moun kapab jwenn yon espwa pou lavi yo. Lè tifi fin konplete tout pwosesis la nèt ansanm ak tout moun nan kominote kote y ap viv la, yo tout ap jwenn kapasite ak rezo yo bezwen pou yo kreye yon chanjman dirab, e l ap nan avantaj tout moun!

Kòmanse ak tèt nou

Li esansyèl pou moun k ap facilite pwosesis Kore Tifi wè tèt yo kòm manm kominote ki an transfòmasyon an. Refleksyon y ap fè sou tèt yo ap yon eleman fondamantal nan siksè metodoloji a. Ekip Kore Tifi a ap genyen gwo posibilite pou yo sèvi modèl nan pwosesis refleksyon ak chanjman Kore Tifi ap preche. Li enpòtan pou manm Ekip ak aktivis kominotè yo demonstre valè ak prensip Kore Tifi yo nan pwòp lavi pa yo. Sonje, chanjman pa toujou fasil, men l ap pote rekonpans e l ap pèmèt nou bati kredibilité nou ak konfyans nan kominote a.

Kijan pou nou sèvi ak Kore Tifi ansanm ak *SASA!*

Òganizasyon ak aktivis ki sèvi ak Kore Tifi ansanm ak *SASA!*, y ap kapab anpeche vyolans sou tifi ak fanm, e y ap pèmèt risk pou tifi ak fanm trape VIH/SIDA diminye. Zouti Kore Tifi yo swiv modèl faz ak fòma materyèl kominikasyon *SASA!* yo, tankou lide pou atik ak repòtaj, afich, elatriye. Menm zouti swivi ak evalyasyon kapab marye ansanm ak pa *SASA!* yo pou mezire

chanjman (al gade "Kijan Kore Tifi ap Mache? Swivi ak Evalyasyon", nan paj 35, pou plis detay). Kore Tifi genyen kèk materyèl anplis ki konsentre sou pwoblèm tifi an patikilye, e ki ajoute plis eleman espesyal pou klèb tifi, paran tifi yo ak moun ki okipe yo, plis lekòl. Zouti swivi ak evalyasyon yo genyen ladan yo yon pwosesis pou asire tifi jwenn avantaj enpak Kore Tifi, e genyen zouti espesyal pou mezire chanjman nan lekòl ak nan kominote.

Si n ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak *SASA!*, n ap annik pase atravè faz tou 2 metòd yo ansanm. Faz Kòmanse *SASA!* a ap ba nou zouti pou kreye yon rezo kominotè k ap bon pou tou 2 metòd yo, e k ap pi fon pase "Monte yon rezo pou chanjman" (Faz 1 paj 13) nan Kore Tifi. Kore Tifi ap ba nou zouti pou kreye klèb tifi, pou angaje paran yo ak moun ki okipe yo, e pou chwazi lekòl yo. Apre sa, swiv pwosesis *SASA!* a, faz apre faz, e ajoute zouti Kore Tifi ki anplis yo nan chak faz. Nan chak faz Kore Tifi, n ap jwenn yon gid k ap esplike nou pazapa kijan pou nou planifye aktivite yo ansanm ak *SASA!*. (Al gade gid "Faz 1 (Kòmanse): Pazapa", paj 3, pou kòmanse!).

Kijan pou nou sèvi ak Kore Tifi pou kont li

Òganizasyon k ap sèvi ak Kore Tifi pou kont li ap travay pou anpeche vyolans sou tifi san eleman anplis yo ki pou fanm ak vyolans ki soti nan men moun ki ansanm avè yo. Rezulta yo ap konsentre sou chanjman nan vyolans sou tifi an patikilye. Menm si li kapab pwodui kèk avantaj pou fanm an jeneral, Kore Tifi pa fèt pou anpeche dirèkteman vyolans sou fanm an jeneral.

Pou sèvi ak Kore Tifi, swiv metòd la e mete atansyon sou gid "Pazapa" yo ki esplike jan pou nou planifye aktivite yo nan chak faz lè nou p ap sèvi ak *SASA!*. Sèvi ak dokiman "Monte yon rezo pou chanjman" (Faz 1 paj 13) pou prepare tèt nou pou pwosesis chanjman mantalite ak abitid sosyal nan Kore Tifi.


Si nou enterese resevwa sipò teknik oswa konsèy pou sèvi ak Kore Tifi, nou mèt kontakte pwogram Repanse Pouwva nan Beyond Borders nan adrès:
annanpecheyolans@gmail.com, oubyen al gade repansepouvwa.org.

Eleman Kore Tifi ak *SASA*/genyen an komen

Kore Tifi sèvi ak yon apwòch mobilizasyon kominotè pou yon chanjman nòm sosyal ki baze sou menm eleman ak *SASA*:

- * Yon apwòch chanjman faz pa faz
- * Angajman tout moun (Modèl Ekolojik)
- * Refleksyon sou pouvwa (ki se kòz fondamantal la)
- * Enspire aktivis

Anplis, Kore Tifi ajoute moun ak zouti ki pou trete sitiyasyon tifi an patikilye.



Yon apwòch chanjman faz pa faz

Mo *SASA* pa sèlman vle di "kounye a" an Kiswayili, li reprezante premye lèt 4 faz yo ann Angle: *Start* (Kòmanse), *Awareness* (Konsyantize), *Support* (Sipò) ak *Action* (Aksyon)

Faz 1 ↓ Start (Kòmanse)	Faz 2 ↓ Awareness (Konsyantize)	Faz 3 ↓ Support (Sipò)	Faz 4 ↓ Action (Aksyon)
---	---	--	---


Kore Tifi baze sou apwòch inovasyon *SASA* ki aplike teyori Etap Chanjman sou vyolans sou tifi ak fanm ki entegre anndan materyèl Kore Tifi. Apwòch faz apre faz la vle di, menm lè moun konnen vyolans genyen konsekans negatif, sa pa vle di y ap chanje konpòtman yo otomatikman; lè y ap eseye pote chanjman nan lavi yo, ni grenn moun, ni kominote a an jeneral ap pase nan yon pwosesis ki genyen plizyè etap. Kidonk, si nou vle efikas nan anpeche vyolans, nou dwe gide moun yo nan pwosesis sa a: soti nan kòmanse pou pase nan Konsyantize, janbe nan sipò, anfen pou rive nan aksyon.

Sèvi ak yon apwòch faz apre faz vle di n ap avanse nan aktivite Kore Tifi yo yon jan ki toujou adapte ak nivo chanjman k ap fèt nan kominote a. Olye pou yo repete menm bagay yo tout tan, chak faz Kore Tifi pote novo lide ki baze sou sa lòt faz anvan yo te pote. Lè n ap ede kominote a avanse pazapa, nan rit pa li, san mache prese atravè chak etap chanjman, lè sa a, chanjman an ap pi reyèl e l ap dire pi lontan.

Tout moun ap patisipe

Nan Kore Tifi, se tout kominote a nèt ki angaje. Si dominasyon sou tifi soti nan tout nivo nan soyete a, sa vle di se tout nivo nan soyete a ki pou angaje nan kreye kondisyon pou yon pouvwa pozitif ki ekilibre! Sa vle di fanm tankou gason, tifi tankou ti gason, paran, fanmi, zanmi, lidè reliye, lidè kominotè, chèf enstitisyon, gwo zouzoun, medya ak jounalis, reprezantan kolektivite lokal, gouvènman, bayè de fon, elatriye. Menm jan ak SASA! Kore Tifi vize angaje ase moun nan tout diferan nivo yo pou kreye yon mas kritik pou chanjman!

Sèk enfliyans tifi



Adaptasyon pou tifi de: *Raising Voices* (2008). SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV. Kampala: *Raising Voices*, SASA!, and Heise L. (1998). An Integrated, Ecological Framework, Violence Against Women, Sage Publications, Inc. (4) 3, 262-290.

Gwoup kle

Kore Tifi angaje tout moun! An menm tan, l ap pote atansyon espesyal sou 3 gwoup kle poutèt enpòtans wòl yo jwe nan chanje lavi tifi: tifi, paran/moun ki okipe tifi, epi lekòl.

Tifi



Paran ak moun ki okipe tifi yo



Lekòl



Tifi se nannan Kore Tifi paske bi final la se ogmante sekirite yo, kapasite ak libète yo pou yo pale epi pou moun tande yo. Kore Tifi genyen gid ki montre pazapa kijan pou kreye klèb tifi ak espas ki pou tifi sèlman, e kijan pou ba yo jarèt.

Egzanp paran yo bay, epi jan yo trete pitit fi ak pitit gason yo genyen gwo enpak sou jan timoun yo ap sèvi ak vyolans ou non, ak jan y ap fè eksperyans vyolans oubyen non. Lè nou enplike paran ak moun ki okipe tifi nan pwosesis chanjman an, sa pèmèt nou atenn tifi ak ti gason ki pa al lekòl, e sa ap pèmèt lide k ap sikile nan kominote a ranfòse anndan kay. Kore Tifi genyen *Ti Pale pou Paran ak Ti Pale pou Paran ak Timoun* nan chak faz.

Lekòl pa sèlman kote tifi ak ti gason vin aprann epi pase kèk moman, se kote tifi konn fè eksperyans vyolans souvan tou. Lekòl ede defini mantalite ak abitid moun nan kominote a atravè jan li enflyanse kwayans ti gason ak tifi ki pral fòme sosyete a lè yo vin gran. Kidonk, genyen gwo potansyèl nan lekòl pou anpeche vyolans nan kominote a. Kore Tifi genyen ladan li yon pwosesis chanjman ki angaje tout moun nan lekòl la nèt, ansanm ak yon kourikoulòm pou lekòl segondè.

Refleksyon sou pouvwa (kòz fondamantal)


Se dezekilib pouvwa ki kòz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi. Se pou sa se refleksyon sou pouvwa ki nan baz kontni *SASA!* ak Kore Tifi: Kiyès ki gen pouvwa?, kijan yo sèvi avè l?, kijan fanm ak gason fè eksperyans pouvwa nan fason ki depaman?, e kijan dinamik pouvwa kapab

chanje? An patikilye, Kore Tifi konsantre sou pouvwa tifi, e sou jan kominote a kapab ranfòse li, oswa limite li. Menm jan ak [SASA!](#), Kore Tifi ofri anpil fason kreyatif pou moun fè konvèsasyon sou konsèp pouvwa nan chak faz yo.

FAZ 1

Kòmanse

Kòmanse wè vyolans sou fanm ak tifi, ak enfeksyon VIH/SIDA kòm pwoblèm ki bezwen rezoud, epi aktive **pouvwa anndan** nou menm pou nou trete kesyon sa yo.



FAZ 2

Konsyantize

Ede kominote a konsyantize sou jan moun aksepte pou gason ak ti gason sèvi ak **pouvwa sou** fanm ak tifi, sa ki ranfòse vyolans sou fanm ak tifi epi enfeksyon VIH/SIDA.



FAZ 3

Sipò

Bay sipò pou chanjman nan mete **pouvwa ansanm** ak pouvwa lòt moun.



FAZ 4

Aksyon

Pase al aksyon. Sèvi ak **pouvwa** nou **pou kore** chanjman pozitif, epi pou nou anpeche vyolans sou fanm ak tifi epi enfeksyon VIH/SIDA.



Enspire Aktivis

Yon aktivis se yon moun ki santi yon pwoblèm touche li fon, pèsonèlman, e li anvi pase al aksyon pou pote yon chanjman! Nenpòt moun, nan nenpòt laj, nan nenpòt nivo, oswa nan nenpòt sitiyasyon sosyal kapab yon aktivis. Menm jan ak [SASA!](#), Kore Tifi pèmèt chanjman reyalize nan kreye ak ranfòse yon rezo moun ak enstitisyon pou yo tounen aktivis ki pral enplike pwòp zanmi yo, fanmi yo, vwazen yo, kòlèg yo, elatriye. Se yon pwosesis an chenn ki pral angaje tout kominote a nèt landan li, e yo pral idantife ki chanjman kominote sa a bezwen an patikilye.

Aktivis vle di tou, kominote a genyen koneksyon patikilye pa l ak pwoblèm ki an kesyon an, e l ap apwoche li ak pwòp kwayans pa l yo. Aktivis enpòtan pou 2 rezon prensipal. Toudabò, sa vle di se tout kominote a ak sosyete a ki pral angaje nan chanjman an, pa sèlman kèk moun Ekip la kapab enplike dirèkteman. Answit, travay aktivis ap kontinye ale pi lwen lontan pase 3 zan peryòd Mizannèv Kore Tifi, lè aktivis yo ap kontinye aplike kapasite yo e eksprime pasyon yo nan lavi yo.

Resous ak aktivite Kore Tifi

Kore Tifi ofri anpil resous ak aktivite kreyatif pou pèmèt manm Rezo Kore Tifi eksprime yo kòm aktivis epi kreye chanjman ak bon zouti efikas ki fasil pou sèvi! Resous yo ap gide Ekip la nan mizannèv Kore Tifi. Aktivite mobilizasyon kominotè yo ap pèmèt Ekip la ak aktivis yo angaje plizyè gwoup diferan nan kominote a ak nan sosyete a. Tout aktivite yo fèt yon jan pou yo fasil, dinamik epi enteresan pou moun k ap fè yo. Lide ki nan baz la, se pou aktivis yo genyen zouti ki senp nan men yo, e pou yo jwenn sipò yo bezwen pou aktive chanjman anndan pwòp sèk pa yo!

Resous pou Ekip la

Faz 1

MONTE YON REZO POU CHANJMAN (POU ÒGANIZASYON KI P AP SÈVI AK SASA!)

Li genyen ladan li yon pwosesis pou moun nan tout nivo kominote a ak sosyete a angaje nan Rezo Kore Tifi.

GID POU KREYE KLÈB TIFI

Li esplike jan pou nou kreye klèb tifi ki aktif, jan pou nou idantifye menntò yo ak tifi k ap patisce nan yon klèb.

CHWA AK PREPARASYON LEKÒL YO

Li esplike jan pou nou chwazi lekòl segondè ki pou angaje nan pwosesis chanjman an ak jan pou nou angaje tout estrikti ak pèsonèl yon lekòl nan preparatif ki pral pèmèt lekòl la angaje elèv yo sou baz ki etik nan faz k ap vini annapre yo.

Tout faz yo

GID PAZAPA YO

Yo genyen enfòmasyon sou chanjman presi n ap bezwen reyalize nan chak faz; yo genyen plan aktivite e yo esplike jan pou planifye epi fè swivi ak evalyasyon pwogrè nan chak faz; yo bay lide pou fòmasyon Ekip ak Rezo Kore Tifi tou.

GID POU KAPASITE EKIP AK REZO

Yo genyen enfòmasyon sou ki fòmasyon manm Ekip ak manm Rezo kapab bezwen anndan faz la, epi egzanp ajennda ak resous pou fòmasyon sa yo. Answit, yo genyen kèk metòd pou ede Ekip ak manm Rezo ogmante konpetans yo kòm aktivis ki kore pouvwa tifi.

Aktivite Mobilizasyon Kominotè

AFICH

Imaj ak kesyon pou debat an gwoup, an rapò ak lide ki nan chak faz yo. Yo la pou menntò sèvi avèk yo nan klèb tifi, pou aktivis sèvi avèk yo nan lekòl e ak nenpòt moun nan kominote a!

TI PALE AK PARAN

Yo la pou gide aktivis sou jan pou lanse ti konvèrsasyon kout sou sijè kle yo ak paran oswa moun ki okipe timoun. *Remak: Paran ak moun ki okipe timoun kapab nenpòt moun ki jwe yon wòl konseye nan lavi timoun nan—se pa sèlman paran byologik timoun nan.*

TI PALE POU PARAN AK PITIT

Yo genyen ladan yo desen ak lis ki rezime lide prensipal ki nan Ti Pale ak Paran nan chak faz. Yo la pou aktivis yo montre paran ak moun ki okipe timoun jan pou yo lanse dyalòg ak timoun yo.

GID AKTIVITE KLÈB TIFI

Lide aktivite menntò yo kapab fasilité nan klèb tifi yo, an rapò ak sijè ki nan faz kote yo ye, e ki la pou pèmèt tifi yo deklannche lidèchip yo ak pouvwa yo.

TI KOMIK

2 seri ti komik—Jesika ak Natali—yo chak ap swiv lavi yon tifi nan kominote a. Yo la pou menntò sèvi avèk yo nan klèb tifi, pou aktivis sèvi avèk yo nan lekòl e ak nenpòt moun nan kominote a!

LIDE POU ATIK OSWA REPÒTAJ

Lide atik, repòtaj ak entèvyou pou radyo ak lòt medya, yo an rapò ak sijè ki nan chak faz. Yo la pou journalis, editè ak animatè radyo.

TI KOZE SOU LASANTE

Yo trete kesyon kle nan koze sante ak byennèt tifi, an rapò ak rezulta nan chak faz. Yo la pou pwofesyonèl sante ak lòt aktivis, pou yo sèvi ak tifi oubyen ak moun ki genyen enflyians sou lavi ak sante tifi yo.

TEYAT

Ti pyès teyat ki genyen yon sèl sèn ladan yo, ak kesyon pou lanse deba ak refleksyon sou istwa ki nan pyès yo. Yo la pou menntò sèvi avèk yo nan klèb tifi, pou aktivis sèvi avèk yo nan lekòl e ak nenpòt moun nan kominote a!

KOURIKOULÒM POU LEKÒL SEGONDÈ (SYANS SOSYAL, BYOLOJI AK FRANSE)

7 lane kourikoulòm pou lekòl segondè ki tou pare pou yo entegre anndan objektif estanda ki tabli pou kou syans sosyal, lang ak byoloji nan lekòl segondè ann Ayiti. Yo la pou pwofesè sèvi avèk yo, apre pwosesis préparasyon lekòl nan faz Kòmanse rive nan bout li.

Enspire chanjman!

Ranfòse kapasite ak libète tifi pou yo pale e pou moun tandem yo, sa nan avantaj tout moun! Lè pouvwa tifi ogmante nan nivo pou pèmèt yo transfòme tout potansyèl yo genyen an kapasite reyèl, se tout sosyete a an jeneral ki benefisyé! Reyalizasyon bi sa a ap fè fas ak gwo defi sou wout li men tifi, ansanm ak kominote yo, kapab aprann sèvi ak pouvwa kolektif yo pou yo kreye chanjman nan lespas kèk ti lane k ap pase byen vit. Nou chak genyen yon wòl pou nou jwe, antanke aktivis ak pwofesyonèl. Mande tèt ou jodi a: *Kijan mwen kapab bati epi kore pouvwa tifi nan lavi mwen?* E ou ka fè pi byen toujou: mande yon tifi epi pote anpil atansyon a sa l ap di w.

Nòt

- 1 ABRAMSKY T., DEVRIES K., Kiss L. et al. (2014). *Findings from the SASA! Study: a cluster randomised controlled trial to assess the impact of a community mobilisation intervention to prevent violence against women and reduce HIV risk in Kampala, Uganda.* BMC Medicine, 12: 122.
- 2 KLUGMAN, J., HANMER, L., TWIGG, S., HASAN, T., McCLEARY-SILLS, J., and SANTA MARIA, J. (2014). *Voice & Agency: Empowering Women and Girls for Shared Prosperity.* Washington DC: World Bank Group. <https://openknowledge.worldbank.org/handle/10986/19036>

- 3 MICHAU, L., SIEBERT, S. & DESSABLES, J. L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: RAISING VOICES (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
- 4 ORGANIZATION MONDIALE DE LA SANTE, DEPARTMENT OF REPRODUCTIVE HEALTH AND RESEARCH, LONDON SCHOOL OF HYGIENE AND TROPICAL MEDICINE, SOUTH AFRICAN MEDICAL RESEARCH COUNCIL (2013). *Global and regional estimates of violence against women: prevalence and health effects of intimate partner violence and non-partner sexual violence*. WHO, 2.
- 5 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). "Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012." Port-au-Prince: VACS.
- 6 Convention on the Rights of the Child, United Nations, 1990.
- 7 ELLSBERG, M. and L. HEISE. *Researching Violence against Women: A Practical Guide for Researchers and Activists*. Washington, DC: World Health Organization, 2005.
- 8 GUEDES, A. (2015). *Keynote address at Sexual Violence Research Initiative. Breaking the Cycle: Understanding and addressing the intersections of violence against women and violence against children*. Presented September 2015 in Stellenbosch, South Africa.
- 9 HEISE, L. & FULU, E. (2014). "What works to prevent violence against women and girls: What do we know and what are the knowledge gaps?", Annex D. Medical Research Council, Pretoria, South Africa. Dokiman original: DONG et al. 2004; HOLT et al. 2008; HAMBY et al. 2010; RENNER & SLACK 2006.
- 10 Pou plis enfòmasyon sou metòd kreyasyon pwogram ki santre sou tifi, al gade: POPULATION COUNCIL. (2010). *Girl-centered program design: A toolkit to develop, strengthen and expand adolescent girls programs*. New York: Population Council.
- 11 VIOLENCE AGAINST WOMEN AND GIRLS HELPDISK. (2016). *Shifting social norms to tackle violence against women and girls (VAWG)*. DFID Guidance Note. Available at: <https://www.gov.uk/government/publications/shifting-social-norms-to-tackle-violence-against-women-and-girls>.
- 12 WHO. (2013). *16 ideas for addressing violence against women in the context of the HIV epidemic*. Geneva: WHO, p. 29.
- 13 MEDICAL RESEARCH COUNCIL OF SOUTH AFRICA LONDON SCHOOL OF HYGIENE AND TROPICAL MEDICINE SOCIAL DEVELOPMENT DIRECT, DFID. (2014). *A summary of the evidence and research agenda for What Works? A global programme to prevent violence against women and girls*. Cape Town: MRC, p. 9.
- 14 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). "Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: Résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012." Port-au-Prince: VACS, 22&73.
- 15 Adapte nan Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices from: Prochaska J., DiClemente C., Norcross J., (1992). "In search of how people change -- applications to addictive behaviors," *American Psychologist*, 47(9), 1102-1114.

POUKISA NOU BEZWEN KORE TIFI?

KESYON MOUN KONN POZE SOUVAN

Pou anpil nan nou, Kore Tifi se yon novo apwòch. Lè nou ap kòmanse fè Mizannèv Kore Tifi, nou kapab jwenn moun k ap poze nou kèk kesyon difisil. Fòk nou konnen, tout nouvote ki nan Kore Tifi yo baze sou rechèch solid ak anpil eksperyans pratik, e yo genyen rezon yo pou yo la. Lè nou genyen tout enfòmasyon nou bezwen nan men nou pou ede bayè de fon, dirijan ki kreye regleman ak lwa yo, ak moun nan òganizayon pa nou konprann metòd sa a, nou ap jwenn sipò nou bezwen pou reyalize Kore Tifi. Nan dokiman sa a, n ap jwenn plizyè kesyon moun konn poze souvan, ak repons ki senp, ansanm ak kèk done estatistik k ap ede nou nan konvèsasyon ki an rapò ak Kore Tifi.

Pa blye, chanjman pa fèt britsoukou! Nan kòmansman, kapab gen moun ki p ap wè enpòtans pouvwa tifi. Pa gen pwoblèm nan sal! Jis sèvi ak enfòmasyon nou genyen yo pou pèmèt plis moun antre nan mouvman an, tou dousman, ti pa ti pa.

1. Èske vyolans sou tifi se yon pwoblèm vre?

Vyolans sou tifi se yon gwo pwoblèm toupatou ann Ayiti e nan lemonn, yon pwoblèm ki ralanti devlopman tifi, devlopman fanmi ak devlopman kominate. Genyen anpil rechèch ki montre degré pwoblèm nan ak konsekans li genyen.

Kisa estatistik di sou sa?

- * Nan lemonn, prèske 60 milyon tifi sibi agresyon seksyèl nan chemen lekòl, oswa anndan lekòl, chak ane. Genyen kèk peyi kote yon tifi ap pi fasil fè eksperyans vyolans pase pou li aprann li.¹
- * Yon ankèt montre, ann Ayiti, jèn fi ant 15 ak 24 lane 2 fwa pi an danje pase gason pou yo trape VIH/SIDA.²
- * Nan lemonn, an jeneral, 60% nan tout jèn ant 15 ak 24 lane ki trape enfeksyon VIH/SIDA, se jèn fi.³
- * Nan lemonn, 1 sou chak 4 tifi, e 1 sou chak 10 ti gason fè eksperyans vyolans seksyèl.⁴
- * Ann Ayiti, 1 sou chak 4 tifi ak 1 sou chak 5 ti gason fè eksperyans vyolans seksyèl.⁵
- * Prèske 1 sou chak 3 tifi nan Karayib la⁶, ak 1 sou chak 5 tifi ann Ayiti di se fòse yo te fòse yo nan premye eksperyans seksyèl yo.⁷
- * Tifi ki nan sistèm restavèk la pi fasil pou yo fè eksperyans vyolans fizik ak vyolans seksyèl anvan yo rive nan laj 18tan pase lòt tifi ki pa nan sistèm restavèk la.⁸

- * Sou chak gress dola US ki depanse pou developman an jeneral, se mwens pase 2 santim ki envesti nan pwogram pou tifi, an patikilye pou tifi ant 10 ak 14zan.⁹
- * Nan tout timoun ki fè eksperyans abi seksyèl anvan 18tan, se 1 nan chak 10 tifi ak 1 nan chak 15 ti gason ki resevwa yon sipò pwofesyonèl kèlkong, tankou sipò medikal, sipò siko-sosyal, sipò legal, oswa sèvis pwoteksyon, pou abi seksyèl yo sibi a.¹⁰
- * Prèske 50% fam ak tifi an jeneral, e 2 sou chak 5 gason ant 13 ak 17tan, di yon gason gen dwa bat madanm li si fi a soti san li pa di mari li sa, si li neglige timoun yo, si li fè kont avèk mari a, oswa si li boule manje a.¹¹

2. Kisa Kore Tifi ye?

Kore Tifi se yon gid pazapa pou òganizasyon ak aktivis ki vle anpeche vyolans sou tifi epi ogmante pouvwa tifi nan kominate a. Gid sa a marye ansanm pwogram ki santre sou tifi avèk pwosesis chanjman nòm sosyal nan yon kominate ki mete aksan sou wòl paran ak lekòl tou. Nou kapab sèvi avèk gid la pou kont li, oubyen tou nou kapab sèvi avèk li pou konplete SASA: *Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm ak Enfeksyon VIH/SIDA ki deja fè prèv li.*¹²

3. Kisa ki rann Kore Tifi inik?

Jan Kore Tifi kreye, epi jan li aplike ap pèmèt nou atake sistematikman kòz fondamantal vyolans sou tifi pou nou ka kreye chanjman mantalite ki dirab nan sosyete a. Kore Tifi pote nouvole nan maryaj li fè ant konesans ki deja tabli atravè tout espesyalite nan domèn vyolans sou timoun ak vyolans sou fanm, ansanm ak nouvo lide k ap pote anpil espwa nan domèn nan. Tout sa yo nèt anndan yon sèl metòd chanjman. Men kèk nan nouvo lide sa yo ki baze sou rezulta plizyè ankèt:

- * marye pwogramasyon pou chanjman nòm sosyal kominotè ak chanjman nòm sosyal nan lekòl;^{13,14}
- * entegre, nan fòmasyon paran yo, materyèl sou wòl sosyete a konn bay tifi ak ti gason e sou kijan pou trete tifi ak ti gason yon fason ki pi ekitab;¹⁵
- * swiv prensip pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi ak efikasite, tankou:¹⁶
 - * entegre tout nivo ki nan Modèl Ekolojik la¹⁷ nan travay nou (atravè sèk enfliyans tifi yo) pou pèmèt tout sektè nan yon kominate angaje nan mouvman an;



- ✳️ trete kòz fondamantal vyolans sou tifi (ki se dezekilib pouvwa);
- ✳️ ale pi lwen pase yon senp kanpay sansibilizasyon e gide tout sektè nan yon kominote atravè yon pwosesis chanjman ki byen kòdone e ki dirab;
- ✳️ sèvi ak teyori e rezulta ankèt ki fè prèv yo sou kijan yon kominote chanje;
- ✳️ ankouraje refleksyon apwofondi ak konvèsasyon pito, olye pou di moun sa pou yo fè ak sa pou yo panse;
- ✳️ enspire aktivis yo nan fè aktivite enfòmèl ki kreyatif e vivan.

4. Ki makonnay ki egziste ant vyolans sou tifi, vyolans sou fanm ak vyolans sou timoun?

Vyolans sou tifi genyen yon makonnay fondamantal ak vyolans sou fanm e ak vyolans sou timoun. Yo tout soti nan dezekilib pouvwa, e chak fòm vyolans sa yo genyen enfliyans sou lòt yo. Rezulta rechèch yo devwale yon makonnay pwofon ant vyolans sou tifi, vyolans sou fanm ak vyolans sou timoun ki montre aklè nesesite pou gen estrateji ki mache ak bon pratik pou anpeche tout fòm vyolans sa yo ansanm nèt.¹⁸

Timoun k ap grandi nan kay kote manman yo ap sibi vyolans, yo pi an danje pou yo sibi vyolans yo menm tou. Epi yo genyen plis chans pou yo sèvi ak vyolans tou, oswa fè eksperyans vyolans, menm lè yo vin gran. Ti gason ki sibi abi genyen plis chans pou yo fè abi seksyèl sou tifi, e yo kòmanse fè sa anvan yo vin gran.

- ✖️ Souvan, vyolans sou timoun ap fèt nan menm kay kote vyolans sou fanm ap fèt tou; lè yo vin gran, timoun ki grandi nan kay kote ki te gen vyolans genyen plis chans pou yo fè vyolans sou moun ki viv avèk yo (nan ka gason), oubyen pou yo sibi vyolans nan men moun ki avèk yo (nan ka fanm).¹⁹
- ✖️ Nan rapò ak dokimantasyon sou ka moun ki delenkan seksyèl yo, faktè ki pi kouran, se abi ak twomatis yo te sibi lè yo te timoun.²⁰ Jiska 75% gason ki fè kadejak, se nan adolesans yo yo kòmanse fè sa.²¹ Souvan, moun ki fè krim vyolan, yo te genyen paran ki te twò di avèk yo lè yo te piti, oubyen paran yo te konn maltrete yo.²² Kidonk, pou pwoteje tifi ak tout kominote a, li esansyèl pou nou mete fen bonè nan modèl konpòtman vyolan kay ti gason.²³ E li enpòtan anpil pou nou angaje paran yo ak moun ki okipe timoun yo nan mouvman sa a.

- * Genyen konsekans ki komen ant vvolans sou timoun ak vvolans sou fanm, tankou enfeksyon VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, epi gwo sès sanzatann oswa twò bonè tou.
- * Kòm gwoup, tifi jwe wòl ni timoun ni fanm, lè n ap konsidere laj yo bay pou timoun (ant 0 a 18tan)²⁴, e apati ki laj yo konsidere fanm nan ankèt pou analize vvolans sou fanm (ant 15 a 49 lane²⁵). Vvolans sou tifi se vvolans sou timoun e vvolans sou fanm tou. Men malgre sa, pwogram ki vize anpeche vvolans sou fanm oswa vvolans sou timoun pa toujou bay rezulta ki nan avantaj tifi.

5. Si yo makonnen, poukisa nou ta dwe travay sou vvolans sou tifi pou kont li?

Eksperyans montre kominote k ap travay pou anpeche vvolans sou fanm pa ka sèlman wè relasyon ki genyen ant pouvwa fanm ak pouvwa tifi. Lè yo chanje kwayans ak konpòtman yo pa rapò ak fanm, sa pa vle di otomatikman yo chanje menm jan e nan menm degré pa rapò ak tifi. Fanm genyen gwo pouvwa sou lavi tifi— e li enpòtan pou nou analize aspè patikilye sa a pou nou anpeche vvolans sou tifi efikasman. Epitou, an jeneral, se ti gason ki plis konn jwenn avantaj pwogram ki fèt pou timoun, akòz pi gwo pouvwa yo genyen pou patisipe nan aktivite yo e pou yo pale ak aji avèk libète. Akòz makonnay ki egziste ant tout fòm vvolans sa yo, genyen anpil nan travay la ki sèvi pou plizyè ladan yo alafwa. Men pou tifi kapab jwenn tout avantaj yo bezwen an patikilye nan pwogram yo, fòk pwogram sa yo genyen ladan yo zouti, teknik ak espas espesyal pou tifi. Kore Tifi founi zouti espesyal sa yo pou tifi, nan jan li kreye yon pwosesis chanjman nan nòm sosyal ki santré sou tifi, e nan jan li ankoraje tout moun nèt — ni tifi, ni ti gason, ni fanm, ni gason — pou yo pa sèlman rekonèt pwòp eksperyans kote yo te manke pouvwa, men tou pou yo gade an pwofondè jan yo sèvi ak pouvwa yo pa rapò ak tifi.

6. E ti gason atò?

Ti gason tankou tifi konn fè eksperyans vvolans e pwoblèm yo genyen yo afekte anpil jan y ap devlope. Vvolans sou timoun — ti gason tankou tifi— se yon pwoblèm grav ki mande gwo angajman ak anpil efò pou chanjman pozitif kapab fèt. Pou nou byen trete pwoblèm sa a, li enpòtan pou nou analize an detay poukisa tifi ak ti gason fè eksperyans vvolans. Rezulta ankèt montre genyen gwo diferans ant pouvwa tifi ak pouvwa ti gason, e dezekilib pouvwa sa a mete tifi yo pi an danje pou yo sibi vvolans, pandan li ankoraje gason ak ti gason sèvi ak vvolans. Kidonk, pou nou diminye vvolans e pou nou kreye bon relasyon djanm ni pou ti gason, ni pou tifi tou, epi pou fanmi ak kominote yo, li fondamantal pou nou chanje sistèm pouvwa patriyakal la, ki mete gason pi wo pase fanm, e pou nou kreye yon sistèm kote tifi ak ti gason genyen menm valè. Lè Kore Tifi

ap feraye pou ogmante pouvwa tifi, se pa ak okenn entansyon ki kont ti gason, okontré, se paske ogmantasyon pouvwa tifi se yon eleman fondamantal pou bon devlopman tout timoun nèt.

Men sa ankèt sou danje pou tifi ak ti gason sibi vyolans, oswa pou yo sèvi ak vyolans montre:

- ✖ **An jeneral, tifi genyen mwens pouvwa pase ti gason.** Nan sosyete a, moun bay gason ak ti gason plis valè pase fanm ak tifi, e sa reflete nan kwayans yo ak konpòtman yo pa rapò ak tifi. Menm si sosyete a bloke pouvwa timoun an jeneral — ni ti gason, ni tifi — tifi toujou genyen mwens pouvwa pase ti gason, e yo genyen mwens libète pou yo jwi dwa yo kòm moun pase ti gason tou.
- ✖ **Moun nan sosyete a atann yo aske gason ak ti gason sèvi ak vyolans sou fanm ak tifi, e yo aksepte sa tankou yon bagay “nòmal”.** Ti gason aprann sa bonè nan lavi yo. Yo aprann, sèvi ak vyolans se yon bagay ki nan makfabrik yo antanke gason, e yo aprann mal sèvi ak pouvwa yo sou tifi. Sa pa sèlman gen move konsekans sou tifi; sa fè pati yon kwayans ki asosye gason ak vyolans an jeneral e ki ankouraje gason ak ti gason sèvi ak vyolans antre yo tou; donk sa alimante sik vyolans nan yon kominate.
- ✖ **Lè pa genyen dezekilib pouvwa ant tifi ak ti gason nan yon kominate e pouvwa tifi ak ti gason byen balanse, sa ap nan avantaj tout kominate a.** Lè nòm sosyal ki pèmèt moun mal sèvi ak pouvwa yo transfòme, sa p ap sèlman anpeche vyolans sou tifi, men sa ap pèmèt nou dechouke kilti vyolans la ki alimante vyolans seksyèl toupatou an jeneral (gade pi ba). Tout kominate a ap benefisyé nan sa.
- ✖ **Tifi ak ti gason pa fè eksperyans menm evantay fòm vyolans.** Tifi fè eksperyans anpil diferan fòm vyolans akòz nivo yo ki ba anpil nan sosyete a. Souvan, yo konn pa pèmèt tifi al lekòl; yo aprann tifi pou yo soumèt yo; yo pa pèmèt yo soti andeyò kay la; yo bloke chans yo pou yo ta avanse; tifi yo gen mwens pouvwa nan koze fè bagay, e yo konn sibi abi seksyèl nan lekòl. Byenke ti gason konn sibi gwo vyolans grav tou, tifi pi an danje toujou pou yo sibi plizyè fòm vyolans pase ti gason.²⁶
- ✖ **Genyen anpil vyolans seksyèl ki fèt sou timoun ann Ayiti, ni ti gason, ni tifi.** Nan rezulta ankèt ki te fèt nan plizyè peyi sou vyolans sou timoun, 1 tifi sou 4 e 1 ti gason sou 10 fè eksperyans vyolans seksyèl, alòske ann Ayiti, se 1 tifi sou 4 e 1 ti gason sou 5 ki fè eksperyans vyolans seksyèl.^{27,28} Nivo vyolans seksyèl ki fèt sou timoun enkyetan anpil.
- ✖ **Genyen kèk konsekans vyolans ki pa menm pou tifi ak ti gason.** Tout fòm vyolans — sou kèlkanswa moun nan, kit li se gason oswa fi, kit li se ti gason oswa tifi — genyen konsekans ki grav e ki ta dwe trete ak anpil atansyon. Genyen vyolans ki genyen plis konsekans sou tifi tankou, enfeksyon VIH/SIDA, oubyen gwosès sanzatann. Genyen konsekans tou ki pi grav pou tifi akòz yo genyen mwens pouvwa e yo pi ba nan je sosyete a; pa egzanp, lè yon tifi ansent bonè, sa kapab genyen konsekans grav sou sante li ak chans li pou li ale lekòl, tandiske gason ki ansent tifi a kapab pa genyen tout pwoblèm sa yo.

*** Tifi pa genyen menm chans ak ti gason pou yo jwenn sèvis ki pou yo ak espas kote yo an sekirite.** Pwogram ki pou jèn yo konn pa pran an kont dezekilib pouvwa ki egziste ant tifi ak ti gason. Menntò nan Rezo Aksyon pou Fi Ayisyen fè rapò sou eksperyans tifi ki sibi tizonnay seksyèl ak jan yo santi yo pa kapab pale nan espas ki kreye pou jèn (divès ONG te kreye espas konsa apre tranblemanntè 12 Janvye 2010). Plizyè moun te temwen, an reyalite, espas sa yo tounen espas kote ti gason kapab alèz. An jeneral, genyen yon gwo mank nan zafè espas nan kominate yo kote tifi kapab santi yo an sekirite, yo ka eksprime tèt yo libelibè, aprann, epi grandi.

7. Kijan Kore Tifi angaje gason ak ti gason?

Kore Tifi angaje gason ak ti gason aktivman, a chak etap nan pwosesis la. Nan pati k ap fèt nan lekòl, tout pwofesè ak tout pèsonèl administrasyon yon lekòl, fanm kou gason, ap travay pou fè Mizannèv kourikoulòm eskolè a ansanm ak tout elèv yo, tifi kou ti gason. Materyèl pou paran yo genyen ladan yo zouti pou manman, pou papa ak lòt granmoun ki jwe wòl modèl pou timoun yo; pou pèmèt ti gason aprann balanse pouvwa yo ak tifi, epi trete tifi yo ak respè. Nan pati k ap fèt nan kominate a, gason ak ti gason ap angaje nan mouvman an kòm aktivis kominotè, oswa nan patisipasyon yo nan anpil aktivite, oubyen ankò kòm pwofesyonèl sante, jounalis, animatè radyo, lidè politik, elatriye.

8. Kiyès ankò ki angaje nan Kore Tifi?

Tout moun nèt! Chak jou, Kore Tifi travay ak moun nan kominate a, enstitisyon, medya, eli lokal yo, manm gouvènman, e plis toujou. Donk Kore Tifi angaje tifi, ti gason, fanm, gason, ak moun tout laj, tout nivo edikasyon, tout reliyyon, elatriye. Kore Tifi sèvi ak plizyè estrateji diferan pou atenn yon laj evantay gwoup moun nan fason ki byen adapte ak chak gwoup, nan lide pou kreye yon mas kritik k ap pèmèt chanjman an fèt vre nan sosyete a. Konsa, Kore Tifi pa sèlman vize chanje konpòtman endividyle moun nan kominate a, men l ap chanje mantalite an jeneral ki aksepte pou vyolans fèt nan kominate a e pou moun fèmen je yo sou sa.

9. Poukisa nou bezwen travay ak lekòl?

Lekòl se yon enstitisyon enpòtan ki genyen yon gwo wòl nan lavi timoun e nan nòm sosyal kominate a. Lekòl se kote ti gason ak tifi ap fòme kwayans yo jodi pou yo fòme sosyete demen an. Plizanplis rechèch montre, lè yo angaje jèn nan pwosesis ki fèt nan lekòl kote tout moun patisipe pou anpeche vyolans sou fanm ak timoun, sa genyen gwo potansyèl reyisit pou anpeche vyolans efektivman.^{29, 30, 31} Anplis de lòt aktivite vivan ki angaje tout moun nan lekòl la, lè kourikoulòm eskolè a tou genyen ladan li konvèrsasyon sou vyolans anndan kay ak

vyolans seksyèl, sa pèmèt teyori ateri nan reyalite a; pandan chanjman ap fèt nan jan lekòl la ap fonksyone, genyen transfòmasyon ki fêt nan mitan elèv yo tou. Yo rekòmande pou tip entèvansyon sa yo ki fêt nan lekòl pou anpeche vyolans fè pati yon estrateji ki angaje tout kominote a nèt.³² Se konsa menm li ye nan Kore Tifi.

10. Poukisa nou bezwen travay ak paran e ak moun ki okipe timoun?

Paran ak moun ki okipe timoun genyen gwo pouvwa nan lavi tifi ak ti gason. Yo sèvi modèl epi yo transmèt valè yo sou kijan pou moun viv nan soyete a. Lè paran ak moun ki okipe timoun genyen mantalite ak abitid ki genyen vyolans ladan yo, timoun yo aprann yo e yo kapab vin kenbe menm mantalite ak abitid vyolan sa yo. Rechèch yo montre, timoun ki grandi nan kay kote ki genyen vyolans pi an danje lontan pou yo sibi vyolans fizik ak vyolans seksyèl yo menm; e lè yo vin gran, yo genyen pi gwo chans pou yo sèvi ak vyolans sou moun ki ap viv ansanm avèk yo, oswa pou yo sibi vyolans nan men moun ki ansanm avèk yo.³³ Souvan, moun ki fè krim vyolan yo te genyen paran ki te di avèk yo lè yo te piti, oubyen paran yo te maltrete yo.³⁴ Kidonk, pwogram pou paran yo nesesè pou anpeche vyolans kounye a, ak nan lavni. Yon estrateji ki rekòmande pou anpeche vyolans, e ki fè pati pwogram Kore Tifi, se entegre, nan fòmasyon paran yo, materyèl sou wòl soyete a konn bay tifi ak ti gason e sou kijan pou yo trete tifi ak ti gason yon fason ki ekitab.³⁵ Epitou, lè nou enplike paran ak moun ki okipe timoun nan mouvman an, sa pèmèt van chanjman k ap pase nan kominote a (ak nan lekòl yo tou) vin pi laj, e pou li antre anndan kay kote genyen tifi ak ti gason ki pa ale lekòl.

11. Konbyen pwogram sa a koute?

Lè nou gade tout depans lajan soyete a fè akoz vyolans sou tifi, nou wè Mizannèv Kore Tifi prèske pa koute anyen. Kore Tifi bati yon jan pou li kapab fonksyone kote ki pa genyen anpil resous. Kòm aktivis yo se moun nan kominote a yo ye, pwogram aktivis la kapab entegre nan aktivite ki egziste déjà nan kominote a, e li kapab sèvi ak espas rankont, pwopriyete e byen kominote a. N ap bezwen kèk fon pou peye manm Ekip la, pou sesyon fòmasyon yo, manje ak bwè nan rankont yo, ak transpò pou vizit sipò yo. Menm si nou poko jwenn finansman pou tout 3 lane Mizannèv la nèt, endikatè nan chak faz yo ap itil pou nou mezire chanjman k ap fêt, e sa ap pèmèt nou leve fon chak ane. Resous ki genyen pi gwo valè nan Kore Tifi se moun.

Menm ak yon ti bidjè modès, Kore Tifi kapab akonpli gwo chanjman!


Nòt

- 1 UNESCO (2012). "Reaching out-of-school children is crucial for development." *GMR Policy Paper 4*. Paris, France: UNESCO, site nan GEORGE WASHINGTON UNIVERSITY GLOBAL WOMEN'S INSTITUTE. (2015). *School-based Interventions to Prevent Violence Against Women and Girls*. Washington DC: GWU.
- 2 USAID (2010). "Haiti HIV/AIDS Health Profile". Tire nan dat 2 Out 2016 sou http://pdf.usaid.gov/pdf_docs/pdacu643.pdf
- 3 UNAIDS (2014). "The Gap Report: Adolescent girls and young women." Tire nan dat 3 Jen 2016 sou: http://www.unaids.org/sites/default/files/media_asset/02_Adolescentgirlsandyoungwomen.pdf
- 4 CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION (2015). "High rates of sexual violence against children: A global problem." Tire nan dat 19 Novanm 2015 sou: <http://www.cdc.gov/media/releases/2015/p0525-sexual-violence.html>
- 5 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). "Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: Résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012." Port-au-Prince: VACS, 21.
- 6 HALCON, L. et al. (2003). "Adolescent Health in the Caribbean: A Regional Portrait." *American Journal of Public Health*, 93(11): p. 1851-7.
- 7 BOTT, S., GUEDES, A., GOODWIN, M., MENDOZA, J. A. (2012). *Violence against Women in Latin America and the Caribbean: A comparative analysis of population-based data from 12 countries*. Washington, DC: Pan American Health Organization, p. 74-75.
- 8 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). "Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: Résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012." Port-au-Prince: VACS, 23&45.
- 9 NIKE FOUNDATION (2008). "Why Girls?" Disponib sou: www.girleffect.org
- 10 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). "Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: Résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012". Port-au-Prince: VACS.
- 11 *Ibid.*, VACS, 24.
- 12 ABRAMSKY T., DEVRIES K., Kiss L., et al. (2014). "Findings from the SASA! Study: a cluster randomised controlled trial to assess the impact of a community mobilisation intervention to prevent violence against women and reduce HIV risk in Kampala, Uganda." *BMC Medicine*, 12: 122.
- 13 OMS (2013). *16 ideas for addressing violence against women in the context of the HIV epidemic*. Geneva: WHO, p. 29.
- 14 HARVEY, A., GARCIA-MORENO, C. & BUTCHART, A. (2007). "Primary prevention of intimate partner violence and sexual violence: Background paper for WHO expert meeting May 2-3, 2007."
- 15 GUEDES, A. (2015). "Keynote address at Sexual Violence Research Initiative. Breaking the Cycle: Understanding and addressing the intersections of violence against women and violence against children." Prezante an Septanm 2015 nan Stellenbosch, South Africa.
- 16 MICHAU, L., HORN, J., BANK, A., DUTT, M. & ZIMMERMAN, C. (21 novanm, 2014). "Prevention of violence against women and girls: Lessons from practice." *Lancet, Violence against women and girls* 4.
- 17 HEISE, L. (1998). *An Integrated, Ecological Framework, Violence Against Women*, Sage Publications, Inc, (4)3, 262-290.
- 18 GUEDES, A. (2015). "Keynote address at Sexual Violence Research Initiative. Breaking the Cycle: Understanding and addressing the intersections of violence against women and violence against children." Prezante an Septanm 2015 nan Stellenbosch, South Africa.

- 19 HOLT, S., BUCKLEY, H. & WHELAN, S., 2008. "The impact of exposure to domestic violence on children and young people: A review of the literature." *Child Abuse and Neglect*, 32(8), pp. 797–810. Tire sou: <http://www.sciencedirect.com/science/article/B6V7N-4T9BXJP-2/2/5e8b84ed9430fd4de80ce008b4ff1d5c> ak HAMBY, S. et al., 2010. "The overlap of witnessing partner violence with child maltreatment and other victimizations in a nationally representative survey of youth." *Child abuse and neglect*, 34(10), pp. 734–41. Tire sou: <http://www.ncbi.nlm.nih.gov/pubmed/20850182> nan dat 3 Jen 2016.
- 20 MANIGLIO 2010; SETO and LALUMIERE 2010. Dokiman original: JEWKES, R. (2012). "Rape Perpetration: A review." Pretoria, *Sexual Violence Research Initiative*.
- 21 WHITE and SMITH 2004; JEWKES, SIKWEIYA et al. 2011. Dokiman original: JEWKES, R. (2012). "Rape Perpetration: A review." Pretoria, *Sexual Violence Research Initiative*, 5.
- 22 KERR, W., GARDNER, F & CLUVER, L. (2011). "Parenting and the prevention of child maltreatment in low-and middle-income countries: A systematic review of interventions and a discussion of prevention of the risks of future violent behaviour among boys." Pretoria: *Sexual Violence Research Initiative*.
- 23 MEDICAL RESEARCH COUNCIL OF SOUTH AFRICA LONDON SCHOOL OF HYGIENE AND TROPICAL MEDICINE SOCIAL DEVELOPMENT DIRECT, DFID. (2014). "A summary of the evidence and research agenda for What Works? A global programme to prevent violence against women and girls." Cape Town: MRC, p. 8
- 24 Convention on the Rights of the Child, United Nations, 1990.
- 25 ELLSBERG, M. and L. HEISE. *Researching Violence against Women: A Practical Guide for Researchers and Activists*. Washington, DC: World Health Organization, 2005.
- 26 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). ³Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: Résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012." Port-au-Prince: VACS, 22.
- 27 CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION (2015). "High rates of sexual violence against children: A global problem." Tire nan dat 19 novanm 2015 sou: <http://www.cdc.gov/media/releases/2015/p0525-sexual-violence.html>
- 28 CENTRES DE PRÉVENTION ET DE CONTRÔLE DES MALADIES, INSTITUT INTERUNIVERSITAIRE DE RECHERCHE ET DE DÉVELOPPEMENT RÉPUBLIQUE D'HAÏTI (2012). "Enquête sur la violence contre les enfants en Haïti: Résultats d'une enquête nationale réalisée en 2012." Port-au-Prince: VACS, 21.
- 29 WHO. (2013). *16 ideas for addressing violence against women in the context of the HIV epidemic*. Geneva: WHO, p. 29.
- 30 JEWKES, R. (2012). "Rape Perpetration: A review." Pretoria, *Sexual Violence Research Initiative*, 3.
- 31 MEDICAL RESEARCH COUNCIL OF SOUTH AFRICA LONDON SCHOOL OF HYGIENE AND TROPICAL MEDICINE SOCIAL DEVELOPMENT DIRECT, DFID. (2014). "A summary of the evidence and research agenda for What Works? A global programme to prevent violence against women and girls." Cape Town: MRC, p. 9.
- 32 HARVEY, A., GARCIA-MORENO, C. & BUTCHART, A. (2007). "Primary prevention of intimate partner violence and sexual violence: Background paper for WHO expert meeting May 2-3, 2007."
- 33 HEISE, L. & FULU, E. (2014). "What works to prevent violence against women and girls: What do we know and what are the knowledge gaps?", Annex D. *Medical Research Council, Pretoria*, South Africa. Dokiman original: DONG et al. 2004; Holt et al. 2008; HAMBY et al. 2010; RENNER AND SLACK 2006.
- 34 KERR, W., GARDNER, F. & CLUVER, L. (2011). "Parenting and the prevention of child maltreatment in low-and middle-income countries: A systematic review of interventions and a discussion of prevention of the risks of future violent behaviour among boys." Pretoria: *Sexual Violence Research Initiative*.
- 35 GUEDES, A. (2015). "Keynote address at Sexual Violence Research Initiative. Breaking the Cycle: Understanding and addressing the intersections of violence against women and violence against children." Prezante an septanm 2015 nan Stellenbosch, South Africa.

KIJAN KORE TIFI AP MACHE?

SWIVI AK EVALYASYON



Lè nou enplike nan aktivite pou pote chanjman nan yon kominote, li enpòtan pou nou poze kesyon. "Èske tout travay nou ap fè yo ap pote fwi nou espere yo? Èske nou sou bon chemen, oswa èske nou bezwen ajiste aktivite yo pou nou kapab rive kote nou vle ale a?" Bon planifikasyon, bon swivi ak bon evalyasyon ap ede nou reponn kesyon sa yo. Dokiman sa a gen konsèy ak zouti pou planifikasyon, swivi ak evalyasyon Kore Tifi. Lè nou mete yo an aplikasyon, nou asire nou ap jwenn maksimòm avantaj nan travay pou tifi yo ak pou kominote a. Ranmase done pa sifi, se pou nou kapab analize done yo, bay manm Ekip ak Rezo fidbak yon fason ki pèmèt yo ajiste aktivite yo pou jwenn pi bon rezulta.

Enpak Kore Tifi

Enpak travay nou nan kominote a ap detèmine chanjman nou ta renmen wè ki fèt. Nan Kore Tifi, enpak nou konekte ak lavi tifi yo paske kèleswa chanjman ki fèt nan kominote a nou vle pou li amelyore lavi fi. Men kote nou vle Kore Tifi rive:

- * Ogmante sekirite ak libète tifi, plis kapasite tifi pou yo pale e pou moun tandé yo.
- * Diminye frekans abi seksyèl sou fi yo ofiyamezi. (Remak: Sa kapab pran plis pase twazan.)
- * Bese fason kominote aksepte inegalite ant fi ak gason, vyolans nan koup, ak abi seksyèl ki fèt sou tifi ak fanm.
- * Diminye risk ki lye ak konpòtman ki mete tifi an danje pou pran VIH, lòt maladi moun pran nan fè bagay, ak pwoblèm sante repwodiktif.

Anpil pwogram p ap gen kapasite pou mezire enpak yo dirèkteman, paske evalyasyon enpak se yon rechèch konplèks ki mande kolaborasyon enstitisyon ki gen eksperyans. Men, pwogram sa yo ap kapab mezire rezulta pi ba yo. E rezulta sa yo mennen nan enpak. Pou plis enfòmasyon sou evalyasyon enpak Kore Tifi ann Ayiti, kontakte Repanse Pouvwa nan annanpechevyolans@gmail.com.

Rezulta nou espere jwenn ak Kore Tifi

Poutèt li difisil pou anpil pwogram mezire enpak, chak Faz nan Kore Tifi genyen rezulta nou kapab mezire pou ede nou wè ki pwogrè nou ap fè. Avèk ekilib pouvwa ant fi ak gason, Kore Tifi vize chanje konesans, kwayans, kapasite ak konpòtman manm kominote a, ansanm ak tifi yo. Gen kat (4) kategori rezulta nan Kore Tifi:


Konesans: Ogmante konesans sou vvolans kont tifi ak fanm. Nan konesans sa yo genyen tou kòz fondmantal ak konsekans vvolans yo.

Kwayans: Chanje kwayans yo pou oryante yo nan direksyon balans pouvwa ant tifi ak ti gason, ant fanm ak gason.

Kapasite: Ranfòse kapasite ki ede moun viv san vvolans, ki bay ekilib pouvwa jarèt, ki ogmante libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun koute yo.

Konpòtman: Enfliyanse chanjman nan enstitisyon kominotè ak nan manm kominote yo pou yo sèvi ak pouvwa yo nan fason pozitif avèk tifi, avèk fanm.

Nan chak Faz, kat (4) kategori rezulta sa yo vin detaye plis pou rive sou chanjman espesifik nou ap chèche ak Faz la. Rezulta yo prezante nan gid Pazapa e genyen yon gid Pazapa pou chak Faz. Ekip la pral mezire pwogrè espesifik ki mennen nan rezulta chak Faz pami tifi yo ak nan kominote a an jeneral. Lè nou mezire chanjman nan toude gwooup sa yo, sa a pèmèt nou asire tifi yo ap jwenn avantaj tout bon vre nan pwosesis la, pandan nou asire kominote a ap pran responsabilitè pa yo pou yo chanje fason yo konpòte yo avèk tifi, avèk fanm.



Planifikasyon, swivi ak evalyasyon

Gen twa kalite zouti pou mezire pwogrè nan chak Faz Kore Tifi: Planifikasyon, swivi ak evalyasyon. Gen yon tablo senp pi ba a ki endike ki lè nou kapab itilize chak zouti nan Kore Tifi, epitou ki kote pou nou ap jwenn enfòmasyon an nan dokiman sa a.

Zouti ki make ak yon zetwal (*) soti nan metodoloji SASA¹, konsa si yon òganizasyon ap itilize toude metodoloji yo, li ap fasil pou entegre yo.

KALANDRIYE

KALITE PLANIFIKASYON, SWIVI AK EVALYASYON

ZOUTI AK KOTE POU NOU JWENN YO

Kòmansman Faz 1

Planifikasyon pou Faz la ak liy de baz (premye ankèt)

Planifikasyon pou Faz la

- Plan Daksyon pou Chak Faz (paj 40)
Liy de Baz
- Ankèt Evalyasyon Rapid* (paj 59)
- Ankèt Kalitatif nan Kominote, Ankèt Kalitatif ak Jèn yo (paj 70)
- (*Opsyonèl*) Ankèt Tifi Prezan “Girl Roster Tool™” (paj 87)
- Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi (paj 43)

Kòmansman Faz 2-4

Planifikasyon pou Faz la

Plan Daksyon pou Chak Faz (paj 40)

Toupatou nan Faz 2-4

Swivi sou Pwogrè Faz la

Fòm pou Rapò Aktivite* (paj 46)


- Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo* (paj 50)
- Rankont Fidbak Klèb Tifi (paj 54)
- Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon (paj 56)
- (*Opsyonèl*) Zouti Kontwòl pou Rezulta Aktivite (paj 58)

Nan fen Faz 2-4

Evalyasyon Faz la

Ankèt Evalyasyon Rapid* (paj 59)

- Ankèt Kalitatif nan Kominote ak Jèn yo (paj 70)
- Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi (paj 43)



Kiyès ki ta dwe patisipe nan aktivite swivi ak evalyasyon?

Anpil òganizasyon konnen se tout manm Ekip ki ta dwe patisipe nan etap planifikasyon aktivite. An plis, nan Kore Tifi, nou konsidere chak manm Ekip gen yon wòl pou li jwe nan swivi ak evalyasyon tou. Li itil pou nou chwazi yon manm Ekip ki gen pasyon ak pasyans pou sipèvize metòd planifikasyon, swivi ak evalyasyon yo. Gen travay evalyasyon ki ka mande kolaborasyon ak gwooup rechèch lokal oswa ak konsiltan, alòske gen lòt travay manm Ekip kapab fè.

Jan sa di nan seksyon pi ba a, nou dwe analize kèk nan zouti swivi ak evalyasyon yo pou nou rann yo itil. Si nou ap sèvi ak fòmilè ki sou papye, sa mande pou nou antre done yo regilyèman. Si òganizasyon nou an pito sèvi ak telefòn pou kolekte done, oubyen si nou vle fòmil Access pou analize done, kontakte pwogram Repanse Pouvwa nan imel annanpechevolans@gmail.com. Oubyen nou kapab travay ak yon manm nan Ekip nou ki gen kapasite pou kreye fòmilè elektwonik ki mache ak estil pa nou. Toujou asire gen yon sistèm òganize pou antre ak analize done yo ak dilijans, konsa Ekip la kapab jwenn rezulta yo rapidman.

Tanpri wè plis enfòmasyon sou kiyès ki ta dwe fè kisa nan zafè planifikasyon, swivi ak evalyasyon nan deskripsyon ki sou chak metòd pi ba a.



Zouti Planifikasyon, Swivi ak Evalyasyon

Zouti senp ki prezante pi ba a kapab ede Ekip la wè pwogrè ki fèt, epi asire nou sou bon wout nan efò pou ogmante pouvwa tifi epi pote avantaj pou tout kominote a.

Pou òganizasyon ki ap itilize Kore Tifi ansanm ak [SASA!](#), gen plizyè zouti ki menm. Konsa li posib pou entegre yo pou li pi fasil. Gen plis enfòmasyon nan seksyon ki vin apre yo ki esplike ki zouti ki menm ant 2 metodoloji yo. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa kopi zouti ki entegre 2 metodoloji sa yo ansanm, kontakte Repanse Pouvwa nan imel annanpechevyolans@gmail.com

Planifikasyon

Nan kòmansman chak Faz, Ekip la chita ansanm pou planifye aktivite ki nan Faz la. Seksyon sa a bay gid, modèl ak egzanp pou planifye ak dokiman ki rele Plan Daksyon pou Chak Faz.

Plan Daksyon pou Chak Faz

KISA LI YE?	KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?	POUKISA LI ITIL?
Chak Faz genyen Plan Daksyon pa li. Se yon plan detaye pou aktivite ki pral fèt nan Faz la. Li baze sou "Lis Kontwòl Aktivite" ki nan Faz la (gid "Pazapa" pou chak Faz). Li gen enfòmasyon sou kiyès ki reskonsab, Ki moun/gwooup moun ki angaje ak ki kalandriye.	Manm Ekip Kore Tifi; manm Rezo (ak sipò Ekip Kore Tifi)	Nan kòmansman chak Faz (Faz 1 rive Faz 4). Fè miz a jou sou li regilyèman pandan Faz la.	Planifikasyon ede aktivite yo rete sou bon chemen nan fason ki kowòdine ant divès gwoup nan Rezo a. Li ede asire tou manm Ekip la ak manm Rezo a angaje tout sèk enflyians yo nan chak Faz Kore Tifi.

KIJAN POU NOU SÈVI AK LI

Lè nou li ak ranpli fòmilè Plan Daksyon pou Chak Faz, manm Ekip la kapab kopye aktivite ki nan lis dokiman "Pazapa" ki apwopriye pou Faz la. Manm Rezo yo kapab asire yo itilize tout materyèl mobilizyon kominotè nan yon fason ki byen kowòdine. Li enpòtan tou, apre Ekip la fè bouyon Plan Daksyon an, pou nou revize kolòn "Sèk Enfliyans" pou asire tout sèk enfliyans yo angaje nan aktivite ki prevwa pou Faz la. Mete non 1-2 moun nan kolòn "Moun ki Reskonsab" pou chak aktivite, paske jan pwovèb Ayisyen di: "Kabrit anpil mèt mouri nan solèy," men "De kalte je pa koupe bwa kwochi".

Pou ranpli Plan Daksyon pou Chak Faz, swiv gid pi ba a:

Faz: Faz 1

Gwooup: (antouye youn): EKIP AK MENNTÒ KLÈB TIFI GAK PWEN FOKAL Lòt: _____

AKTIVITE	GWOUP/ MOUN KI ANGAGE	SÈK ENFLIYANS	KALANDRIYE	MOUN KI RESKONSAB
<i>Ki aktivite nou ap fè nan Faz sa a? (Egzanp, pale ak lidè ki enpòtan yo nan kominote a.)</i>	<i>Kiyès n ap angaje nan aktivite sa a? (Egzanp, pèsonèl lekòl, tifi ki gen laj 10-14 zan, GAK pou jounalis/medya, elatriye.)</i>	<i>Kiyès nan sèk enfliyans tifi n ap angaje ak aktivite sa a? (Egzanp, Kominote)</i>	<i>Ki lè aktivite sa a pral fèt? (Egzanp, 10-14 Me)</i>	<i>Kiyès ki reskonsab pou fè aktivite sa? (Egzanp, Marie)</i>

Si nou ap itilize Kore Tifi ansanm ak *SASA!*, nou kapab chwazi sèvi ak Plan Daksyon Kore Tifi oubyen Plan Faz *SASA!* ak Plan Estrateji *SASA!* epi entegre aktivite Kore Tifi yo ladan. Nou ap jwenn fòmilè *SASA!* sa yo nan dokiman "Vin Maton nan *SASA!*" li disponib sou repansepouvwa.org.

Plan Daksyon pou Chak Faz

Faz:

Gwooup: (antoure youn): Ekip AK

MENINTÖ KLEB TIFI

GAK

Lòt:

Aktivite

GWOUP/ MOUN KI ANGAE

SÈK ENFIYANS

PWEN FOKAL

MOUN KI RESKONSAB

Aktivite	GWOUP/ MOUN KI ANGAE	SÈK ENFIYANS	KALANDRIYE	PWEN FOKAL	MOUN KI RESKONSAB



Si w bezwen plis ransèymen, kontakte nou:


Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpecheveyolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Swivi

Nan tout Kore Tifi, Ekip la mezire pwogrè sou konesans, kwayans, kapasite ak konpòtman tifi yo ak kominote a, epitou Ekip la suiv disponiblite resous kominotè ki esansyèl pou tifi. Nan seksyon sa a, nou ap jwenn:

- ✖ Fichye Bezwèn ak Resous pou Tifi
- ✖ Fòm pou Rapò Aktivite
- ✖ Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo
- ✖ Rankont Fidbak Klèb Tifi
- ✖ Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon
- ✖ (Opsyonèl) Zouti Kontwòl pou Rezulta Aktivite



Fichye Bezwèn ak Resous pou Tifi

KISA LI YE?	KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?	POUKISA LI ITIL?
Yon fason pou gade ak revize Klasifikasyon Resous Kominotè (gade "Monte yon Rezo pou Chanjman" Faz 1 paj 17). Li ede analize resous ki disponib espesyalman pou tifi ki gen mwens pouvwa nan kominote a.	Ekip Kore Tifi, menntò, ak klèb tifi yo	Nan kòmansman chak Faz, apre nou fin revize Klasifikasyon Resous Kominotè a.	Pou asire se tifi yo k ap benefisyè nan Kore Tifi, li ede nou analize kalite resous ki disponib pou tifi ki gen mwens pouvwa nan kominote a. Pandan Kore Tifi ap vanse, sa kapab ede nou devlope kèk aktivite pou pote chanjman epi evalye pwogrè nan efò nou fè yo.

KIJAN POU NOU SÈVI AK LI?

- 1.** Pandan Ekip la ap kreye Klasifikasyon Resous Kominotè (gade "Monte yon Rezo pou Chanjman", Faz 1 paj 17) epi ap revize li, nou kapab ranpli Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi. Nan Faz 1, ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™" oswa lòt done liy de baz kapab ede nou ranpli pati A konsènan kategori tifi nou vle travay ak yo. Apre nou fin deside sou kategori tifi nan Faz 1, nou pare pou nou itilize pati B nan Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi. N ap fè sa nan chak Faz.
- 2.** Ekip la kapab envite menntò klèb tifi ak lòt patisipan pou ede ranpli pati B nan Fichye a oswa pou bay lòt sijesyon nan chak Faz epitou pran nòt pou rankont Rezo yo. Brase lide epi ranpli pati B a ansam. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou nou ranpli Fichye a, gade Faz 1 "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi" (Faz 1 paj 27)
- 3.** Pou Faz 2-4 diskite tou:
 - a.** Èske resous ki disponib pou tifi ki gen mwens pouvwa nan kominote a ap ogmante? Si se wi, kijan? Kiyès ak kisa ki ede ogmante resous sa yo?
 - b.** Si resous ki disponib pou tifi ki gen mwens pouvwa nan kominote a pa ogmante, poukisa non? Kijan nou kapab kolabore ak rès Rezo a pou chanje sitiayson sa a?
- 4.** Baze sou mankman nan resous ki disponib pou tifi, fè pwen aksyon anndan Plan Daksyon pou Faz la pou amelyore sitiayson an. Egzanp, si Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi montre pa genyen ase sèvis sante pou tifi, nou kapab deside entegre yon kanpay radyo sou sijè a anndan Plan Daksyon pou Faz la, oswa konsantre aktivite mobilizasyon kominotè a sou sijè a pandan yon peryòd tan. Pou rive fè sa, gade materyèl mobilizasyon kominotè a pou Faz sa a epi chwazi tèm ki konsène dwa fi genyen pou yo jwenn sèvis sante. Kolabore ak manm Rezo yo pou mete aksan sou imaj, kesyon, ak lide pou kenbe nan tèt ki koresponn ak sijè a anndan aktivite pa yo.
- 5.** Kenbe nòt yo, Plan Daksyon yo ansam ak Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi, ak dat sou chak paj, nan yon dosye avèk done swivi ak evalyasyon.

Fichye Bezwèn ak Resous pou Tifi

Kore Tifi

Dat: _____


A. Kategori tifi pou nou fokis sipò nou sou yo

Lis 1 a 3 kategori tifi nou te idantifye nan etap 1

1) _____

2) _____

3) _____



B. Resous kominotè pa kategori tifi

Ekri kategori tifi nou te seleksyone yo nan kolòn goch tablo pi ba a. Apre, regade tout lis resous ki egziste pou tifi nan kominote a; note sa nou konnen sou resous tifi nan chak kategori gen pwobabilitè pou yo jwenn. (Pa egzanp, si genyen yon pwogram ki nan lekòl, tifi ki pa lekòl pa genyen aksè ak pwogram sa a. Ki distans ki genyen ant kote yon resous ye ak kote yon tifi abite; oka tifi a ta genyen pèmisyon pou li pwofite resous sa a elatriye, sa se yon faktè tou). Finalman, konsidere sa nou konnen apati liy de baz la sou bezwen espesifik tifi yo, ekri yo nan kolòn dwat la. Ajoute enfòmasyon nou fèk aprann sou resous ki pa la e tifi yo kapab bezwen.

KATEGORI TIFFI	RESOUS	BEZWEN
Egzanp: Tifi 10 pou rive 14 lane ki pa lekòl	Klèb timoun ki peye lekòl <i>(NB: Timoun ki nan vil sèlman benefisy sa)</i>	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Teknik kominikasyon/ Teknik negosyasyon ▪ Teknik jesyon finans ▪ Elatriye
1.		
2.		
3.		

Fòm pou Rapò Aktivite

Remak: Zouti sa a mande pou nou antre done ak fè analiz sou done yo.

KISA LI YE?	KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?	POUKISA LI ITIL?
Enfòmasyon sou aktivite ki fèt nan kominote a, kiyès ki patisipe ladan yo, fason kominote a te angaje nan aktivite yo epitou enfòmasyon sou kapasite fasilitatè.	Manm Ekip Kore Tifi ki ankadre manm Rezo a e ki fè vizit sipò nan aktivite manm Rezo a fè.	Toupatou nan Faz 2, 3, 4 apre chak vizit sipò manm Ekip la fè nan aktivite manm Rezo ap fè.	Done sa yo kapab sèvi pou defini si li nesesè pou genyen plis fòmasyon oswa plis ankadreman anndan Rezo a. Li kapab sèvi tou pou idantifye pou ki materyèl ak aktivite manm Rezo bezwen plis sipò.

KIJAN POU NOU SÈVI AK LI?

- Chwazi yon manm Ekip ki kapab jere ak analiz done yo.
- Kreye pwòp sistèm pa nou pou antre done. Si òganizasyon nou an pito sèvi ak telefòn pou kolekte done, oubyen si nou vle fòmil Access pou analyze done, kontakte pwogram Repanse Pouvwa nan imèl annanpechevyolans@gmail.com.
- Fè fòmasyon epi pratike ranpli fòmilè ak Ekip la. Ekip la kapab fè similasyon yon aktivite kominotè nan biwo a epi ranpli Fòm pou Rapò Aktivite a pou fè analiz sou aktivite a. Gade Fòmilè yo nan fen sesyon an ansanm, pou asire tout manm Ekip fè klasman yo menm jan. Pa egzanp, lè nou ap gade yon menm aktivite èske tout moun mete menm nivo pou "kalite mobilizasyon" an, oubyen èske gen moun ki te ba li 2 pandan lòt moun ba li 4? Ede Ekip la sèvi ak esplikasyon ki nan do Fòmilè a pou pèmèt yo amonize nivo yo bay. Pratike jiskaske nivo tout moun bay amonize.
- Chak fwa yon manm Ekip vizite aktivite yon manm Rezo ap fè, yon manm Ekip ap pote kopi Fòm pou Rapò Aktivite a. Li ap obsève aktivite a, epi yon fason pou moun pa remake sa l ap fè, l ap ekri nòt sou kantite patisipan ak lòt detay sou yon moso papye oswa dirèkteman sou Fòmilè a.
- Bay manm Rezo a fidbak ki baze sou sa nou te obsève.

KIJAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

6. Fin ranpli Fòmilè a imedyatman apre aktivite a. Men kijan enfòmasyon an òganize sou fòmilè a:

Fòm pou Rapò Aktivite* – Kore Tifi							
Estrateji:	Faz:	KORE TIFI					
Aktivite	DAT	Kominote/Lokalite	KLASIFIKASYON PATISIPAN YO:		KANTITE MOUN KI TE PATISIPE AN TOTAL		
			Fi	GASON	Tifi	Ti GASON	
						Sijie Aktivite Prensipal/Lide pou kenbe nan tèt nou:	
						Non manm Rezo ki fasilité:	
						Kalite Manm Rezo k ap Anime (fè yon wou): AK PWEN FOKAL MENNOU GWOUP TEYAT	
						GAK (ki kalte gwooup)	
						Gid pou Klasman 1. Anpil enkyetid sou kalite aktivite 2. Aktivite feb 3. Bon kalite aktivite, bon kapasite 4.	
						Kalite aktivite ak kapasite pou anime ekstraudiné	
1. Analiz Aktivite a. Kalite mobilizasyon an Nivo _____ b. Mache ak faz la Nivo _____ c. Nivo entér ak patisipasyon Nivo _____ d. Gason (kè li aplikab) Nivo _____ e. Repons jeneral sou lide yo Nivo _____ f. Aktivite dinamik / enteresan Nivo _____			2. Kapasite Moun k ap Anime a. Metrièze kontnri an Nivo _____ b. Poze kesiyon / Kreye anbyans pozitif Nivo _____ c. Fidbak pozitif ak respè pou patisipan yo Nivo _____ d. Enplike tout moun Nivo _____ e. Konfyans nan tèt li Nivo _____ f. Kapab kenbe konvènsyon an sou ray Nivo _____ g. Rezime Nivo _____				
						Revisit	Defit:
						Kòmantè kominote a: (1-3 sitasyon dirèk)	
						Moun ki bay fidbak pou aktivite _____	Dat: _____
						Trè byen:	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
						Pwochèn fwa eseye:	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
						* Zouti sa adapte apati materyèl Raising Voices pou SASA! Se Beyond Borders ki adapte i pou Kore Tifi, 2016.	
						Si yo bezwen plis tanisyman, kontakte nou: Repance Pouwa (509) 3617 1815 • amanapecheyoplans@gmail.com • repancepouwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net • Repalasyon : Etap Repance Pouwa ak atis Chevelin Pierre	

Anwo: enfòmasyon sou ki kote, ki lè, kijan, ak kiyès ki te prezan nan aktivite a.

Nan mitan: klasman nivo pou analize fason aktivite a te dewoule, tankou jan kominote a te resvwa li ak kapasite moun ki te anime a pou li fasilité aktivite a.

Anba: seksyon narasyon an sèvi pou ajoute kòmantè sou klasman nivo nou bay (pa egzanp, si nou di "Anpil enkyetid sou kalite aktivite" pou nivo "Rezime", apre sa nou kapab ajoute kòmantè pou esplike sa k fè nou mete nivo sa a pou li. Anplis gen yon seksyon fidbak pou nou dokimante fidbak nou bay manm Rezo a ki ap fè aktivite a.

7. Mete Fòmilè a yon kote byen detèmine nan biwo a, ansanm ak lòt Fòmilè yo.

8. Antre done yo nan yon baz done, epi analize yo pou prepare brase lide nan Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon.

Zouti sa a adapte apati yon zouti nan SASA!. Si nou ap itilize Kore Tifi ansanm ak SASA! nou kapab itilize Fòmilè pou Rapò Aktivite a pou aktivite ki fèt apati toude metodoloji yo.

Fòm pou Rapò Aktivite* – Kore Tifi



Estrateji:

Faz:

AKTIVITE	DAT	KOMINOTE/LOKALITE	KLASIFIKASYON PATISIPAN YO:				KANTITE MOUN KI TE PATISIPE AN TOTAL
			FI	GASON	TIFI	TI GASON	

Sijè Aktivite Prensipal/Lide pou kenbe nan tèt nou: _____

Non manm Rezo ki fasilité: _____

Kalte Manm Rezo k ap Anime (fè yon wonn): AK PWEN FOKAL MENNTÒ GWOUP TEYAT
 GAK (ki kalte gwooup) ALYÈ MANM EKIP LÒT _____

Gid pou Klasman 1. Anpil enkyetid sou kalite aktivite 2. Aktivite fèb 3. Bon kalite aktivite, bon kapasite 4.

Kalite aktivite ak kapasite pou anime ekstraòdinè

1. Analiz Aktivite

- a. Kalite mobilizasyon an Nivo _____
 b. Mache ak faz la Nivo _____
 c. Nivo enterè ak patisipasyon Nivo _____
 Gason (lè li aplikab) Nivo _____
 Fi (lè li aplikab) Nivo _____
 d. Repons jeneral sou lide yo Nivo _____
 e. Aktivite dinamik / enteresan Nivo _____

2. Kapasite Moun k ap Anime

- a. Metrize kontni an Nivo _____
 Kòmantè:
 b. Poze kesyon / Kreye anbyans pozitif Nivo _____
 c. Fidbak pozitif ak respè pou patisipan yo Nivo _____
 d. Enplike tout moun Nivo _____
 e. Konfyans nan tèt li Nivo _____
 f. Kapab kenbe konvèsasyon an sou ray Nivo _____
 g. Rezime Nivo _____

REVISIT

DEFI:

Kòmantè kominote a: (1-3 sitasyon dirèk)**Moun ki bay fidbak pou aktivis** _____ **Dat:** _____

Trè byen:

Pwochèn fwa eseye:

* Zouti sa adapte apati materyèl Raising Voices pou SASA!. Se Beyond Borders ki adapte l pou Kore Tifi, 2016.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevylans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Rapò aktivite - Gid pou Klasman

Gid pou Klasman 1. Anpil enkyetid sou kalite aktivite 2. Aktivite fèb 3. Bon kalite aktivite, bon kapasite 4. Kalite aktivite ak kapasite pou anime ekstraòdinè

ANALIZ AKTIVITE

a. Kalite mobilizasyon an _____

- Èske kantite ak kalite manm kominate ki te vini yo rezonab pou aktivite a? (egzanp: se pa timoun sèlman, se pa moun menm sèks sèlman, gen ase patisipan pou sa vo lapèn)
- Èske kote aktivite a fèt reponn ak gwoup moun ki te vize a/yo? (egzanp: jwenn gason kote gason yo ye, teyat nan yon espas ki gran, elatriye)
- Èske metòd mobilizasyon an bay rezulta? (egzanp: baze sou konstwi relasyon, ak ede moun yo wè avantaj, pa fè pwomès osinon menase / bay lòd pou moun vini, elatriye)

b. Mache ak faz la _____

- Èske sijè aktivite a ak konvèrsasyon yo rete nan Rezulta Faz Kore Tifi?
- Èske te gen sijesyon sou kijan pou moun patisipe nan Faz apwopriye Kore Tifi? (egzanp pou Faz 2 Konsyantize: pale youn ak lòt, lanse deba, pataje materyèl, elatriye)

c. Nivo enterè ak patisipasyon _____

- Èske aktivite a kenbe atansyon moun yo?
- Èske patisipan yo enterese anpil? (egzanp: poze kesyon, fè kòmantè, pataje lide, elatriye)
- Si aktivite a vle angaje sitou gason osinon sitou fi, èske moun nan gwoup sa a santi yo lib pou yo pale? Èske konvèrsasyon an montre gen avantaj pou yo angaje yo nan dyalòg sa yo?
- Èske gen patisipan ki vle fè kichòy sou pwoblèm ki ap diskite a? (NB: nan Faz 2 Konsyantize savledi pale ak lòt moun, ankourage moun patisipe, distribye materyèl, elatriye)

d. Repons jeneral sou lide yo _____

- Èske moun yo ouvè sou lide yo? (egzanp san gran rezistans osinon san kolè)
- Èske moun yo rejwenn yo nan sijè ki ap diskite yo? (egzanp: abòde sijè nan yon lang enfòmèl, bay egzanp sitiayson ki familye, konekte ak royalite lokal eltr.)

e. Aktivite dinamik / enteresan _____

- Èske gen enèji ak vi nan aktivite a? Èske li parèt enteresan?
- Èske ou ta vle patisipe nan aktivite sa a si ou pa te ap travay ladan li?

KAPASITE MOUN K AP ANIME

a. Metrize kontni an _____

- Èske animatè/tris la gen konesans sou aktivite a, sou sijè a? Èske li te kapab klarifye move konpreyansyon?
- Èske animatè/tris a byen reponn kesyon patisipan yo poze?

b. Poze kesyon / Kreye anbyans pozitif _____

- Èske animatè/tris la poze kesyon ki mande repons ki plis pase "wi" ak "non"?
- Èske animatè/tris sèvi ak kesyon ak kòmantè patisipan yo pou ankouraje plis deba nan gwoup la, epi re-poze kesyon estratejik bay gwoup la ankò pou devlope plis deba?
- Èske animatè/tris jenere dyalòg epi poze kesyon ki pote moun reflechi olye pou li bay mesaj senp osinon evite dezakò?
- Èske animasyon an parèt espontane epi enteresan pou patisipan yo olye li parèt tankou yon resitasyon osinon prezante tankou yon konferans?

c. Fidbak pozitif ak respè pou patisipan yo _____

- Èske animatè/tris apresye epi ankouraje gwoup la lè gen moun ki bay opinyon / poze kesyon? (egzanp: "Bèl kesyon" "Anpil moun panse konsa, men nou konnen .." elatriye)
- Èske animatè/tris pale yon fason pou montre li egal ak patisipan yo?
- Èske animatè/tris itilize langaj ki fasil pou tout moun konprann?

d. Enplike tout moun _____

- Èske animatè/tris pote atansyon si gen kèk patisipan ki pa atantif epi eseye angaje yo (san li pa anbarase yo)?
- Èske animatè/tris remake si youn osinon kèk patisipan domine aktivite a epi eseye chanje sa?

e. Konfyans nan tèt li _____

- Èske animatè/tris sanble kwè nan konesans li ak pwòp kapasite pa li?
- Èske animatè/tris parèt alèz pou l pale devan gwoup la?
- Kapab kenbe konvèrsasyon an sou ray _____
- Èske enfòmasyon animatè/tris bay ak kesyon li poze yo mache ak sijè ki ap trete a?
- Èske animatè/tris ramne gwoup la sou sijè ki ap trete a si gwoup la soti sou sijè a?

f. Rezime _____

- Èske animatè/tris fè yon bon rezime aktivite a anvan li fini? (egzanp: evite mete mo nan bouch patisipan yo, bay enfòmasyon ki kòrèk pou klarifye move konsepsyon osinon evite blame yon viktim)
- Èske animatè/tris fini ak yon lide klè pou moun yo kenbe nan tèt yo?
- Èske animatè/tris di gwoup la ap gen plis aktivite ki pral fèt epi fè sijesyon ki eslike fason moun yo kapab patisipe nan Kore Tifi?

Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo

Remak: Zouti sa a mande pou nou antre done ak fè analiz sou done yo.

KISA LI YE?	KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?	POUKISA LI ITIL?
Yon fason pou manm Rezo a kontwole tout aktivite yo.	Manm Rezo (Aktivis Kominotè yo, menntò yo, pwen fokal yo , Gwoup Aksyon Kominotè yo, elatriye).	Chak fwa yon manm Rezo ap fè yon aktivite ak nan fen chak mwa.	Se opòtinite pou manm Rezo reflechi epitou fè rapò sou pwogrè yo fè. Manm Rezo kapab swiv konbyen moun ki angaje nan Kore Tifi, menm lè pa gen yon manm Ekip ki prezan nan aktivite a. <i>Remak: Se sèl fòmilè ki kapab bay yon estimasyon sou konbyen manm kominote ki angaje nan aktivite Kore Tifi.</i>
KIJAN POU NOU SÈVI AK LI?			
<ol style="list-style-type: none"> 1. Manm Rezo ranpli Fòmilè a chak fwa yo fè yon aktivite, menm lè pa gen yon manm Ekip la ki la pou bay sipò nan aktivite a. 2. Yo ranpli tablo ki nan premye paj la ak enfòmasyon sou kalite aktivite, kantite moun ki prezan epi sou sijè a. 3. Nan dezyèm paj la, yo ranpli tablo a ak refleksyon sou siksè, sou difikilte ak sou lesyon yo tire. Epitou yo mete kèk nan kòmantè patisipan yo di pandan aktivite a. Kòmantè patisipan yo se mo egzak ki soti nan bouch yon moun, epi ki bay yon lide sou konesans, kwayans, kapasite ak konpòtman moun nan aktivite a. 4. Nou kapab revize Fòmilè a nan rankont ki deja etabli ak gwoup nan Rezo a 1-2 fwa pa mwa (tankou rankont AK). Gade Fòmilè a an gwoup epi brase lide sou pèsepsyon ak dekouvèt aktivis yo pandan nou ap ede yo revize Fòmilè pa yo. Ranmase tout fòmilè yo pandan reyinyon an, epi fè yon dènye ti gade chak Fòmilè rapidman pou asire yo ranpli kòrèkteman. 5. Antre done yo nan yon baz done, epi analize yo pou prepare brase lide nan Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon. 			

Tanpri gade egzanz yon Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo ki konplete. **Egzanz:**

Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo* - Kore Tifi							
Kalite Manm Rezo a	Aktivis Kominotè	Non Aktivis la	Jean-Pierre				
Kominote ak Lokalite	Basen Klè, Ti Zòn	Mwa/Ane	Me 2016				
DAT	AKTIVITE	KANTITE PATISIPAN	KLASIFIKASYON PATISIPAN YO:				SUÈ KI DISKITE
			Fi	GASON	Tifi	Ti gason	
5/5/2016	Afich Faz I (Kòmanse)	20	10	8	1	1	Fason nou sèvi ak pouvwa nou
12/5/2016	Afich Faz I (Kòmanse)	14	5	7	0	2	Imaj 1. Blam Kominotè lè yon fi vin ansent

Manm Ekip ki revize: Marie Claude **Date:** 16/5/2016

* Adapte apati materyèl Raising Voices ak CEDOVIP. (2009) "Fòm pou kontwòl mansyèl Aktivis". Kampala: Raising Voices. Adapte pou kabab sèvi nan Kore Tifi, Beyond Borders, 2016.

<p>Ki siksè ou té jwenn pandan aktívite ou te fè pandan mwa a? (Bay kèk egzanp)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Tout patisipan yo te angaje. 	<p>Ki difikiite ou te jwenn pandan aktívite ou te fè pandan mwa a? (Bay kèk egaznp)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Yon qason te anvi pale toutan sou fi ki gen lòt nèg deyò. Li te difisil pou m kenbe Konvèrsasyon an sou ray.
<p>Ki lesón ou te aprann osinon ki pwogrè ou te jwenn pandan mwa a ki mete ou pi pre rezulta n ap chèche yo?</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lè m te angaje lòt patisipan olye mesye ki te anvi domine Konvèrsasyon an, sa te ede m kenbe Konvèrsasyon sou ray. 	<p>Ki kòmantè enpòtan yon patisipan te fè, ki sanble ak lide lòt patisipan? NB: Sèvi ak mo egzak moun nan te di, si posib.</p> <ul style="list-style-type: none"> - "M te konnen se sèlman leta ki te gen pouvwa, men kounye a m vin wè nou tout gen pouvwa.



Si w zebevn plis ransyeman, kontakte nou :
Repanse Pouwua (509) 3617 1815 - annanpechevylans@gmail.com • Beyond Borders (011) 202 686 2088 • www.beyondborders.net •
Revalizasyon : Ekip Renanse Pouwua ak atis Chevelin Pierre

Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo* - Kore Tifi

Kalite Manm Rezo a

Kominate ak Lokalte


Non Aktivis la

Mwa/Ane

DAT	AKTIVITE	KANTITE PATISIPAN	KLASIFIKASYON PATISIPAN YO:			SUJÉ KI DISKITE
			F _I	G _{ASON}	T _{IF}	

Manm Ekip ki revize:

Date:



* Adapte apati materyèl Raising Voices ak CEDOVIP. (2009) "Fòm pou kontwòl mansyèl Aktivis". Kampala: Raising Voices. Adapte pou kabab sèvi nan Kore Tifi, Beyond Borders, 2016.

Ki siksè ou te jwenn pandan aktívite ou te fè pandan mwa a?
(Bay kèk egzanp)

Ki difikilité ou te jwenn pandan aktívite ou te fè pandan mwa a?
(Bay kèk egzanp)

Ki lesón ou te aprann osinon ki pwogré ou te jwenn pandan
mwa a ki mete ou pi pre rezulta n ap chèche yo?

Ki komantè enpòtan yon patisipan te fè, ki sanble ak lide lòt
patisipan? NB: Sèvi ak mo egzak moun nan te di, si posib.



Si w bezwen plis transeyman, kontakte nou:

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon: Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Rankont Fidbak Klèb Tifi

KISA YO YE?	KIYÈS KI PATISIPE	KI LÈ POU REYINYON SA YO FÈT?	POUKISA NOU FÈ YO?
Reyinyon kolektif ak patisipan nan klèb tifi, menntò, manm Ekip, ak manm Rezo, pou yo tandé kisa manm klèb tifi yo panse sou fason pwosesis chanjman Kore Tifi ap vanse. Se prèske tankou yon fokis gwoup, men olye yo anrejistre repons fi yo, manm Rezo yo la sitou pou yo tandé lide fi yo genyen.	Menntò klèb tifi yo kowòdone reyinyon an ak patisipan nan klèb tifi yo, yo envite Ekip la ak lòt moun ki nan Rezo a.	Nan fen Faz 2, 3, ak 4. Nou kapab fè yo pi souvan si nou vle.	Rankont Fidbak yo se opòtinite pou nou tandé dirèkteman nan bouch fi yo kisa ki ap mache pou yo epi kisa ki pa mache. Fi yo konnen plis pase lòt moun kisa ki enpòtan nan lavi yo, se pou sa li enpòtan pou yo kontan ak pwogrè Kore Tifi a. Rankont sa yo se youn nan fason pou asire manm Ekip ak manm Rezo ap travay pou chanjman tifi yo wè ki pi enpòtan. Rezulta yo ap ede menntò ak manm Ekip Kore Tifi konprann fason pou yo modifie Plan Daksyon yo pou kreye klèb tifi ak lòt aktivite ki pi efikas.

KIJAN POU NOU FÈ YO?

- Anvan Rankont Fidbak yo, menntò yo kapab ede prepare fi yo pou yo pale an biblik devan lòt manm Rezo. Menntò yo kapab:
 - Esplike enpòtans opinyon tifi yo ak fidbak tifi yo bay pou siksè Kore Tifi.
 - Envite tifi ki nan gwoup yo pou yo pale ak lòt tifi ki gen menm laj ak yo nan kominate a pou jwenn opinyon yo sou Kore Tifi. Konsa yo kapab reprezante opinyon lòt tifi ki pa patisipe nan Rankont lan.
 - Prezante kesyon ki nan lis ki pi ba a bay tifi yo pou yo reflechi davans sou repons yo vle pataje.

Li enpòtan pou menntò yo ak manm Ekip la pa antrene tifi yo sou sa yo pral di nan Rankont Fidbak. Li enpòtan pou fi yo bay pwòp opinyon pa yo. Kanmenm, menntò yo kapab gide jèn fi yo sou fason yo kapab pataje eksperyans pa yo nan bon fason etik, sa vle di ki kenbe konfidansyalite, pa fè pèsonalite oubyen bay temwyayaj yon lòt moun ak ase detay pou moun idantifye moun ki konsène a, elatriye.

- Envite kèk manm Rezo a (kèk moun soti nan chak gwoup ki nan Rezo a) ak tout manm Ekip Kore Tifi pou vin patisipe nan yon rankont ki ap dire dezèdtan ak menntò yo ak manm klèb tifi yo. Si posib, fè Rankont la yon kote klèb tifi yo konnen deja pou yo kapab santi yo alèz nan espas la.

- 3.** Chwazi yon manm Ekip pou pran nòt pandan Rankont lan ak yon manm Ekip pou anime Rankont lan.
- 4.** Kòmanse Rankont lan ak remèsiman pou patisipasyon tout moun. Rapple objektif Kore Tifi se ede fi ak gason balanse pouvwa yo egal-ego. Pou fè sa rive, nou la pou nou ogmante sekirite ak libète tifi, ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tande yo. Konsa, li enpòtan pou nou tande fason tifi yo viv travay aktivis nou an. Nou kapab byen ap pouse chanjman ki pa te nan lespri nou, epi fidbak yo kapab ede nou wè si li nesesè pou nou fè chanman nan apwòch nou.
- 5.** Mande patisipan yo pou yo defini règ jwèt pou Rankont lan. Asire sijè enpòtan--tankou konfidansyalite, koute lè moun ap pale, respè pou opinyon fi yo--parèt sou lis règ jwèt yo.
- 6.** Mande gwoup la: "*Kisa nou panse Kore Tifi ap travay pou li rive fè?*"

(Remak: Animatè ap asire tout moun konprann Rezilta Faz la ak divès aktivite gwoup nan Rezo a ap fè.)

- 7.** Esplike nou pral poze fi yo kesyon pou nou kapab konprann pi byen sa yo panse. Rapple tifi ak jèn fi yo opinyon yo enpòtan epi raple lòt manm Rezo pou yo pa koupe mo nan bouch tifi yo oswa korije yo. Kòmanse poze tifi yo kesyon ki pou ankouraje dyalòg, tankou:
 - a.** Kisa nou wè ki ap pase nan kominate a akoz Kore Tifi? Kisa nou renmen ak kisa nou pa renmen nan chanjman sa yo?
 - b.** Èske nou panse gen bagay ki vin pi bon nan lavi tifi ak jèn fi yo depi lè aktivite Kore Tifi yo te kòmanse? Èske nou kapab bay kèk egzanp?
 - c.** Èske nou panse gen bagay ki vin pi mal nan lavi tifi ak jèn fi depi lè aktivite Kore Tifi yo te kòmanse?
 - d.** Èske gen yon bagay ki ta dwe chanje nan Kore Tifi?
 - e.** Ki lòt bagay ankò nou ta sipoze konnen sou lavi tifi yo pou nou kapab ede tifi jwenn plis pouvwa nan kominate a?
- 8.** Remèsye fi yo pou sajès yo ak fason yo pataje lide ak tout moun. Si gen tan, mande patisipan yo poze tifi yo plis kesyon.
- 9.** Envite tout moun (jèn fi yo, menntò, manm Rezo) pou di sa ki pi enpòtan yo te aprann pandan Rankont lan. (NB: Asire manm Rezo ak Ekip kontinye ankouraje tifi yo. Fè atansyon pou moun pa kòmanse kritike tifi yo.) Fè yon lis ak pwen ki pi enpòtan moun site yo.

- 10.** Pran pwen sa yo ki nan lis nou fè a ansanm ak lòt pwen enpòtan animatè a te tandem tifi yo di, fè yo tounen yon lis rekòmandasyon pou nou konsidere nan chanjman pwogram ak kalandriye. Mande moun ki ap pran nòt la pou li ekri rekòmandasyon yo epi apre sa, distribiye yo. (NB: *Retire non tifi yo nan nòt yo.*)
- 11.** Remèsyé tout moun pou patisipasyon yo epi fèmen Rankont lan.
- 12.** Nan pwochen rankont Ekip la oswa rankont menntò, reflechi sou rekòmandasyon yo epi chèche kijan nou kapab entegre yo nan aktivite nou yo.

(Opsyonèl) Sèvi ak kesyonè oswa fè reyinyon

Li ideyal pou pran fidbak tifi ak jèn fi yo nan Rankont Fidbak paske se okazyon pou manm Rezo pratike tandem tifi yo epi fasilité tifi yo eksprime opinyon yo onètman devan granmoun yo. Men, gen kèk ka, tifi yo ta ka pa alèz konsa, epi yo ta prefere rete anonym pou bay opinyon yo sou Kore Tifi. Nou kapab jwenn fidbak yo ak yon kesyonè senp pito, ki gen menm kesyon ki nan lis etap 7 la. Bay menntò a fòmilè kesyonè pou yo bay tifi ak jèn fi nan klèb yo. Menntò yo ak manm Ekip la kapab analize repons yo epi pataje fidbak sa yo pandan pwochen rankont ak gwoup ki nan Rezo a.

Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon

KISA YO YE?	KIYÈS KI PATISIPE?	KI LÈ POU REYINYON SA YO FÈT?	POUKISA NOU FÈ YO?
Rankont Ekip chak mwa oubyen chak twa (3) mwa pou gade pwogrè sou Plan Daksyon pou Faz la, epitou pou gade done ki te kolekte ak zouti swivi yo.	Tout manm Ekip Kore Tifi.	Chak mwa oswa chak twa (3) mwa nan Faz 2, 3 ak 4.	Done ki soti nan zouti swivi yo itil sèlman si yo sèvi pou amelyore pwogramasyon nou. Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon pèmèt manm Ekip yo reflechi sou pwogrè ki fèt epi rekòmande chanjman nan aktivite yo selon done ki soti nan zouti swivi yo. (Remak: Konsa tou Ekip la kapab fè Rankont Ekip pou Swivi ak Evalyasyon apre evalyasyon ki fèt pou chak Faz, pou reflechi sou done ki soti yo.)

KUAN POU NOU FÈ YO?

- 1.** Detèmine chak ki lè nou bezwen fè Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon selon lè nou genyen omwen 20 Fòmilè pou Rapò Aktivite ki ranpli, kolekte epi analize. Jeneralman, sa se chak mwa oswa chak twa (3) mwa pou pi plis.
- 2.** Pou prepare Rankont lan, rasanble tout done nou te kolekte depi denyè fwa nou te fè Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon. Sèvi avèk yo pou yon prezantasyon tou brèf. Genyen plizyè kalte done ki kapab enteresan pou ou prezante, tankou rekòmandasyon ki soti nan Rankont Fidbak Klèb Tifi, kopi Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi, Fòm pou Rapò Aktivite, Fòm pou Kontwòl Aktivite Rezo, ak Zouti Kontwòl pou Rezulta Aktivite. Done yo kapab genyen tou kèlkeswa enfòmasyon sou pwogrè fòmasyon ak ankadreman Ekip ak Rezo (gade "Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo" Faz 1 paj 66). Fè efò pou nou jwenn enfòmasyon ki kapab repons pou kesyon sa yo pandan prezantasyon an:
 - a.** Ki avansman nou fè nan reyalizasyon Rezulta Faz la?
 - b.** Èske aktivite nou rive touche ase manm kominate a ki soti nan tout sèk enflyans yo?
 - c.** Kijan tifi ak jèn fi yo santi yo sou pwogrè Kore Tifi fè? Ki fidbak yo ban nou?
 - d.** Ki lòt fòmasyon ak ankadreman manm Rezo a bezwen pou yo kapab jwenn plis siksè ak aktivite yo?
- 3.** Envite tout manm Ekip Kore Tifi a nan Rankont lan. Chwazi yon manm Ekip pou pran nòt.
- 4.** Fè yon prezantasyon kout ak enfòmasyon nou te prepare yo. Brase lide sou kesyon nou te kòmanse reponn pandan prezantasyon an, tankou kisa ki ta dwe fèt pou jwenn fè plis avansman nan reyalizasyon Rezulta Faz la, kòman pou nou adrese enkyetid ak priyorite tifi ak jèn fi yo, ki fòmasyon ak ankadreman Rezo a plis bezwen, elatriye. Brase lide tou sou aktivite ki sanble mache pi byen pase lòt epi sa k fè sa, ak pi gwo difikilte ak siksè.
- 5.** Kreye pwen dakson ki baze sou diskisyon an, ki pou konplete anvan pwochen Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon epi distribye li bay tout manm Ekip la. Entegre pwen yo nan Plan Dakson pou Chak Faz.

(Opsyonèl) Zouti Kontwòl pou Rezulta Aktivite1

Remak: Zouti sa a mande pou nou antre done ak fè analiz sou done yo.

KISA LI YE?	KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?	POUKISA LI ITIL?
Yon zouti espesyalize metodoloji <i>SASA!</i> te kreye pou kontwole pwogrè pou rive atenn Rezulta Faz yo pi regilyèman (jeneralman chak trimès).	Manm Ekip ki geneyn anpil eksperyans oswa manm espesifik nan swivi ak evalyasyon.	Nan Faz 2, 3 ak 4 apre chak vizit swivi ak evalyasyon yon manm Ekip ki genyen anpil eksperyans fè nan yon aktivite yon manm Rezo fasilité.	Li pèmèt nou evalye fason kominote a ak tifi yo ap avanse pou yo reyalize Rezulta Faz la epitou li ede idantifye pwoblèm anvan fen Faz la. Li kapab bay kèk lide sou moman nou ap pare pou fè evalyasyon nan fen Faz la, pou nou pase nan pwochen Faz apre oubyen remèt lidèchip Kore Tifi kominote a.
KIJAN POU NOU SÈVI AK LI?			
Pou òganizasyon ki ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak <i>SASA!</i> , li fasil pou entegre Rezulta Faz Kore Tifi ansanm ak Rezulta Faz <i>SASA!</i> anndan menm Zouti Kontwòl pou Rezulta Aktivite. Òganizasyon ki p ap itilize metotoloji <i>SASA!</i> men ki bezwen yon fason an plis pou mezire avansman li nan reyalizasyon Rezulta yon Faz anvan fen Faz la kapab sèvi ak zouti sa a. Mande yon kopi ak enfòmasyon sou fason pou itilize Zouti Kontwòl pou Rezulta Aktivite nan Repanse Poussa sou annanpechevyolans@gmail.com.			

Evalyasyon

Ekip la mezire avansman nan reyalizasyon Rezulta Faz nan chak Faz. Seksyon sa a bay esplikasyon ak modèl pou zouti evalyasyon sa yo:

- ✖ Ankèt Evalyasyon Rapid
- ✖ Ankèt Kalitatif nan Kominote/ Ankèt Kalitatif ak Jèn yo
- ✖ (Opsyonèl) Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™"

Ankèt Evelyasyon Rapid

Remak: Zouti sa a mande pou nou antre done ak fè analiz sou done yo.

KISA LI YE?

Yon ankèt ki fèt avèk fi ak yo gason ki gen 15 zan oswa plis, menmsi yo te patisipe deja dirèkteman nan aktivite Kore Tifi ou pa. Sa ede idantifye chanjman nan konesans, nan kwayans, nan kapasite ak nan konpòtman ki fèt nan kominote a.

Pwotokòl Òganizasyon Mondyal Sante aksepte pou fè antrevi ak moun ki gen laj 15 zan oswa plis pou kesyon sa yo, san itilize yon pwotokòl espesyal pou timoun; sepandan se pou nou verifye epitou swiv pwotokòl ak lwa nasyonal ak lokal sou antrevi ak moun ki poko gen 18 ane. Sa kapab mande chanjman pwosedi pou nou kapab rive jwenn konsantman paran oswa konsantman enstitisyen, an plis konsantman jèn 15-17 ane yo.

KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?	POUKISA LI ITIL?
Anketè lokal ki byen fòme pwogram nan angaje. Manm Ekip moun nan kominote a pa twò konnen kapab kolekte done yo, si premye opsyon an pa posib. Men, li pi bon pou kontrakte anketè si posib paske repons moun yo ka byeze si se manm Ekip ki poze kesyon.	Nou sèvi ak li kat (4) fwa pandan sik Kore Tifi nan yon kominote: Nan liy de baz nan kòmansman Kore Tifi, anvan TOUT lòt aktivite Kore Tifi; nan fen Faz 2 ak 3 (pou evalye si nou pare pou avanse sou pwochen Faz la) epitou nan fen Faz 4 la (pou evalye si li lè pou nou pase mayèt la bay kominote, epi si kominote a pare pou li pran travay aktivis nan men san prezans Ekip la chak jou).	Lè nou sèvi ak Ankèt Evelyasyon Rapid la ansanm avèk Ankèt Kalitatif nan Kominote/ Ankèt Kalitatif ak Jèn yo, se mwayen ki bay plis presizyon lè nou ap mezire avansman nou nan reyalize Rezulta yon Faz epitou detèmine si gen ase chanjman ki fèt pou jistifye nou avanse pou rive nan pwochen Faz Kore Tifi, oubyen si se nan Faz 4, pou pase mayèt la bay kominote a.

KIJAN POU NOU SÈVI AK LI?

Ankèt Evelyasyon Rapid fèt sitou ak antrevi vèbal, ak yon moun alafwa. Animatè a li kesyon a pou moun nan tande epi ekri repons moun nan bay. Gason ap fè antrevi ak gason epi fi fè atrevi ak fi, pou asire moun yo pi alèz posib pou yo reponn onètman. Pou fè Ankèt Evelyasyon Rapid la:

1. Ale nan yon komisyun revizyon etik si posib pou fè apwouve rechèch la. Si sa pa posib, omwen, jwenn pèmisyon ak pèmi lokal.
2. Fè kontra ak anketè lokal si gen resous pou sa. Asire gen ase anketè fi ak gason pou chak moun ranpli omwen 50 kesyonè nan chak kominote, pou rive yon total 100 kesyonè pou chak kominote. (Remak: Kantite sa yo kapab chanje selon kantite kominote nou genyen. Egzanp, si nou ap travay nan 2 kominote, nou ap ranpli 200 kesyonè pou nou kapab konpare done ki soti nan 2 kominote yo.)

KUAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

3. Nan Faz 1, nan liy de baz:

- a. Fè yon lis espas publik kote moun rasanble regilyèman oswa kote gen anpil moun ki pase nan chak kominote (*Egzanp: mache, gagè, legliz, peristil, moulen mayi, elatriye*). Site omwen 10 espas posib pou chak kominote.
- b. Koupe lis la an moso, pou chak espas sou yon moso papye diferan. Mete moso yo nan yon sache. Retire omwen 4 non nan sache a paraza. Se nan espas sa yo nou prale pou kolekte done yo. Ekri non espas yo pou nou kapab sonje yo. Si pa gen rezon enpòtan ki pou fè nou chanje, sèvi ak menm kote sa yo pou Faz 2, 3 ak 4.

4. Fè fòmasyon pou anketè yo. Mete tèm sa yo anndan fòmasyon an:

- Fason ankèt la ap ede kominote a jwenn avantaj nan Kore Tifi.
- Enfòmasyon sou espas yo chak prale ladan pou kolekte done yo.
- Etik nan fè ankèt (kijan pou jwenn konsantman, respè pou konfidansyalite, elatriye).
- Sa pou nou fè si yon moun refize patisipe nan ankèt la.
- Plizyè sesyon pou pratique kijan pou sèvi ak kesyonè yo, kijan pou fè antrevi ak kijan pou anrejistre repons yo. Asire nou bay fidbak pou anketè yo kapab vin djanm.
- Fason pou refere moun ki vle pale ak yon moun sou eksperyans li ak vyolans.

5. Modifeye kesyonè a si sa nesesè, selon pratik nou te fè ak anketè yo ak tès nou fè sou kesyonè a.

6. Kreye yon kalandriye ak anketè yo ki detaye dat ak espas pou fè ankèt la. Chak anketè ta dwe ranpli 12-13 kesyonè pa espas nan 4 espas yo ki nan chak kominote, konsa yo chak pral konplete omwen 50 ankèt pou chak kominote. Sa ap pran 4 oswa plis jou pou chak anketè ak pou chak kominote.



KIJAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

7. Kòm gen anpil moun nan chak kominote, se pou nou chwazi kiyès nou ap poze kesyon, konsa nou asire yon amonizasyon ant diferan anketè yo. Sa rele "echantyonaj". Echantyonaj ki fèt kòrèkteman enpòtan. Sa pèmèt nou jwenn rezulta ki reprezante reyalite a. Pou jwenn moun pou nou fè antrevi, swiv metòd echantyonaj pi ba a:

- a. Lè nou rive nan espas la, konte chak 3 moun nou wè, nou panse ki gen 15 zan oswa plis epi ki gen koulè ble nan rad li mete. Gason yo ap konte gason sèlman epi fi yo ap konte fi sèlman.
- b. Mande moun sa a si li ta vle patisipe nan ankèt la (sèvi ak konsiy ki nan fòmilè ankèt la) Si li di non, ale sou pwochen moun ki gen koulè ble nan rad li.
- c. Kontinye fè antrevi ak chak 3zyèm moun ki depase 15 zan ki gen koulè ble nan rad li (ak konsantman yo). Kontinye jiskaske nou rive sou kantite antrevi ki te kalkile pou espas la.

Remak: Pwosedi sa a asire pa gen prejje sou kiyès nou abòde pou fè antrevi a, konsa chak moun gen menm chans pou fè antrevi a, paske moun tout laj, reliyion, dispozisyon kapab gen koulè ble nan rad yo.

- 8.** Fè fotokopi fòmilè Ankèt Evalyasyon Rapid, ki gen ladan tou Fòm pou Refi a ak Lis Referans lan. Si òganizasyon nou an pito sèvi ak telefòn pou kolekte done, kontakte pwogram Repanse Pouvwa nan imèl annanpechevyolans@gmail.com.
- 9.** Anplis kopi dokiman yo, bay anketè yo transpò yo bezwen, kat telefòn, kat idatifikasyon oswa lòt resous lojistik pou ede ankèt la rive fèt.
- 10.** Konplete tout kesyonè yo! Bay anketè yo sipò pandan yo nan kominote a, kominike ak yo nan telefòn epi ale vizite yo tanzantan nan espas yo ye pou asire tout bagay ap mache byen.
- 11.** Chwazi yon moun nan Ekip la ki kapab jere koleksyon ak analiz done yo.
- 12.** Lè yon anketè remèt kesyonè ki konplete yo (oswa ankèt ki baze sou telefòn), revize yo anvan anketè a deplase pou asire kantite yo kòrèk epitou kesyonè yo ranpli san pwoblèm. Felisite yo pou travay yo!
- 13.** Si òganizasyon nou an vle fòmil Access pou antre ak analize done, kontakte pwogram Repanse Pouvwa nan imèl annanpechevyolans@gmail.com. Anpil òganizasyon ki pa gen moun ki abitye analize done ankèt kapab anvi travay ak yon enstitisyon oswa ak yon pwofesyonèl pou ede analize rezulta ankèt yo.

KIJAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

- 14.** Lè done Ankèt Evalyasyon Rapid la analize, òganize yon rankont ak manm Ekip la pou revize epi aprann sou rezulta yo. Si nesesè, kreye pwen dakson ki konsantre sou pwoblèm patikilye ki pa chanje jan nou te espere. Detèmine si kominote a pare pou nou avanse sou pwochen Faz Kore Tifi epi, si non, kisa egzakteman nou pral fè pou rive pare.
- 15.** Kreye yon prezantasyon ak done ki enpòtan nou te dekouvi nan ankèt la pou Rezo a, lidè kominotè yo ak lòt òganizasyon ki ap travay pou anpeche vyalans sou fanm ak òganizasyon dwa timoun.

Remak: Si nou ap itilize Kore Tifi ansanm ak *SASA!* nou kapab chwazi kèk kesyon ki nan Ankèt Evalyasyon Rapid Kore Tifi epi ajoute kèk kesyon ki soti nan Ankèt Evalyasyon Rapid *SASA!*. Oubyen, si nou pito, nou kapab itilize toude ankèt yo apa epi sèvi ak menm estrateji echantyonaj, men ak patisipan diferan. Ekip nou an kapab twouve kesyonè yo twò long pou mande menm patisipan yo reponn tout kesyon toude kesyonè yo, alò nou kapab chwazi moun ki diferan nan menm espas yo. Pou plis ransèyman sou Ankèt Evalyasyon Rapid *SASA!* a, gade "Vin Maton nan *SASA!*" nan Faz Kòmanse, li disponib sou repansepouvwa.org.

Ankèt Evalyasyon Rapid – Kore Tifi

Alo, mwen rele _____ mwen ap fè yon rechèchè endepandan an kolaborasyon ak _____ pou aprann konnen plis sou kominate a. Si sa pa deranje ou, mwen ta renmen poze ou kèk kesyon sou koze sante fi ak gason, sou relasyon ak diferan eksperyans fanmi yo viv nan kominate a. Sa pa p pran anpil tan ou, epitou ou kapab deside sispann antrevi a nenpòt lè, osinon ou kapab sote yon kesyon si ou vle. Repons ou bay yo ap rete konfidansyèl, epi mwen p ap ekri non ou. Repons ou bay ap rete konfidansyèl. Nou ap sèvi ak enfòmasyon ou bay yo pou nou kapab planifye aktivite , epitou pou nou wè si nou ap fè yon bon travay.

Èske ou gen késyon?

Èske ou dakò pou nou avanse ak antrevi a?

Wi

(si repons la se non, note sa nan fòm refi a pou ou pa gaspiye yon fòm ankèt. Remèsi moun nan epi rekòmanse ak yon lòt moun)

Nan zòn bò isit la tankou tout lòt kote, moun gen divès opinyon sou sa ki bon nan konpòtman fanmi ak nan konpòtman gason avèk fi. Nou ta renmen konnen sa ou menm ou panse sou konpòtman sa yo. Nan kesyon nou pral poze la yo, ou kapab reponn wi oswa non. Toujou sonje, pa gen bon ak move repons, sèlman di mwen sa ki vre pou ou menm.

KONESANS			
11	Si yon gason fòse yon fi fè bagay lè fi a pa vle, èske fi sa a kapab vin ansent?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
12	Èske timoun ki wè papa yo ap bat manman yo ap pi fasil viv eksperyans konsa lè yo vin gran?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
13	Dapre ou, èske yon fanm gen dwa refize kouche ak mari li si li pa vle ?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
KWAYANS			
14	Dapre ou menm, èske yon fi ta dwe aksepte sibi zak vyolans pou evite separasyon e pou kenbe fanmi an ansanm?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
15	Èske dapre ou menm, nòmalman, se fòt fanm nan si gason an fè vyolans sou li?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
16	Èske ou panse ti gason ak tifi ta sipoze pase menm kantite tan ap fè travay nan kay tankou lave asyèt, lave rad, al chèche dlo elatriye?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
17	Èske li pi enpòtan pou ti gason ale lekòl pase pou tifi ale lekòl?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
18	Èske fi ta dwe kapab chwazi lè yo vle marye?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9
19	Dapre ou menm, èske jan yon fi abiye kapab lakòz yon gason fè kadejak sou li?	Wi	1
		Non.	0
		Refize reponn	9



*Nan késyon ki pral vini la yo, mwen pral adrese sitiyasyon ki konn rive souvan nan kominote a.
Nou ta renmen konnen kisa ou panse yo. Reponn wi oswa non, pa gen move repons, se pou ou di
onètman ki sa ou panse.*

KAPASITE AK KONPÒTMAN

Mèsi anpil, nou prèske fini. Tout lòt kesyon yo se sou sa ou wè ki fèt nan kominote a pou anpeche vyolans. Tanpri reponn "wi" oswa "non".

KORE TIFI

KORE TIFI		
29	Nan lane ki pase a, èske ou te wè moun nan kominote a ap fè kichòy pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi?	Wi 1 Non. 0 Refize reponn 9
30	Nan lane ki pase a, èske ou te wè afich, ti komik, oubyen lòt materyèl ki soti nan Kore Tifi?	Wi 1 Non. 0 Refize reponn 9
31	Èske ou konnen yon moun bò lakay ou ki conn pale sou Kore Tifi?	Wi 1 Non. 0 Refize reponn 9
32	Nan lane ki pase a, èske ou te patisipe nan aktivite ki fèt sou zafè bon jan relasyon san danje ant fi ak gason?	Wi 1 Non. 0 Refize reponn 9
32a	Si se wi, èske se te aktivite Kore Tifi?	Wi 1 Non. 0 Pa aplikab. 3 Refize reponn 9
32b	Konbyen fwa ou te patisipe nan youn nan aktivite sa yo?	Okenn 0 Yon fwa 1 De fwa 2 Plis pase de fwa 3 Refize reponn 9

Mèsi anpil pou patisipasyon w. Mwen apresye jan ou te pataje lide ou avèk mwen.

Èske ou ta renmen jwenn yon lis òganizasyon/moun ou ta kapab pale an prive sou nenpòt nan sijè sa yo?

(Si repons lan se wi, ba li lis referans lan. si repons lan se non, remèsyé li ankò epi raple li non òganizasyon ou an ankò sizoka li ta enterese swiv sa ki ap pase.)



Si w bezwen plis ransèvman kontakte nou:

Rwanan Pouywa (509) 3617 1815 • annannechevolans@gmail.com • repansenpouywa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Revalizasyon : Ekin Benanse Pouywa ak atis Chevelin Pierre



Fòm refí

Chak fwa gen yon moun ki refize antrevi pou Ankèt Evalyasyon Rapid oswa refize patisipe nan Ankèt Kalitatif Kominotè, anketè a kapab make yon ba pou endike refi a, se pou li make dat la ak kote a, apre sa li pral konte kantite ba yo pou li anrejistre kantite refi total li jwenn nan chak espas. Fòm sa a dwe retounen avèk tout kesyone ki konplete yo al jwenn anplwaye Kore Tifi yo.

Non anketè:

Lis Referans

Fotokopl
Ekip
nes

Ekip Kore Tifi pral konplete lis sa anvan li kalkile liy de baz la. Konsa, nan pwochen faz Kore Tifi, manm Ekip la kapab fè koreksyon ki nesesè pou chak kominote. Li enpòtan pou ta gen omwen yon pwen referans, sizoka patisipan nan ankèt yo ta anvi pale plis ak yon moun sou eksperyans pèsonèl li ak vyolans. Referans adisyonèl ta kapab resous pou sipò emosyonèl, akonpayman kay doktè ak demach legal, sèvis sante, jistis, kay ki gen sekirite osinon lòt sèvis ki enpòtan nan zòn nan. Kopi lis referans lan ta dwe nan men ankètè depi anvan yo kòmanse kolekte enfòmasyon.

Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :
Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annan
Reyalizasyon. Ekip Repanse Pouwva ak atis



Ankèt Kalitatif nan Kominote, Ankèt Kalitatif ak Jèn yo

Remak: 2 zouti sa yo mande pou nou fè analiz sou yo.

KISA YO YE?

De kalite metòd evalyasyon.

- * Ankèt Kalitatif nan Kominote: Yon lis ki prepare davans ki gen kesyon ouvè pou yon animatè poze yon echantyon manm nan kominote a ki gen 18 ane oswa plis. Entansyon an se pou gwoup la reprezante divès pèspektif ki gen nan kominote a.
- * Ankèt Kalitatif ak Jèn yo: Li gen twa (3) egzèsis: Dakò/Pa Dakò, Ti Teyat, ak Kat Kominotè. Yon anketè kapab fè egzèsis sa yo ak jèn ki gen laj 10-19 ane ki nan klèb tifi, nan lekòl oswa nan òganizasyon kominotè.

Chak evalyasyon dire 2-3 èdtan e li kapab fèt ak 8-10 patisipan plis anketè yo.

KIYÈS KI SÈVI AK YO?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK YO?	POUKISA YO ITIL?
Anketè lokal (ideyalman kat--2 gason ak 2 fi) pou chak zouti. Manm Ekip moun nan kominote a pa twò konnen kapab kolekte done yo, si sa pa posib. Men, li pi bon pou kontrakte anketè si posib paske repons yo ka byeze si se manm Ekip ki poze kesyon.	Nou sèvi ak metòd sa yo nan menm moman ak Ankèt Evalyasyon Rapid la. Sa vle di nou sèvi ak yo kat (4) fwa pandan sik Kore Tifi: Nan liy de baz nan kòmansman Kore Tifi, anvan TOUT lòt aktivite Kore Tifi; nan fen Faz 2 ak 3 (pou evalye si nou pare pou avanse sou pwochen Faz la); epitou nan fen Faz 4 la.	Ankèt Kalitatif nan Kominote plis Ankèt Kalitaif ak Jèn yo pèmèt nou rasanble anpil done, paske manm kominote yo lib pou yo esprime tèt yo sou divès kalite pwoblèm. Konsa done nou kolekte yo ap kapab ede esplike done nou jwenn nan Ankèt Kominote Rapid ak lòt metòd kantitatif yo. Yo bay enfòmasyon ak istwa ki konekte ak eksperyans manm kominote yo.

KIJAN POU NOU SÈVI AK YO?

1. Deside si nou ap fè Ankèt Kalitatif yo separe nan chak kominote oswa si nou ap rasanble yon gwoup ki soti nan tout kominote yo epi kondui yon sèl Ankèt ak yo. Nan toude ka yo nou ap kondui de gwoup—youn pou gason epi lòt la pou fi—pou chak Ankèt Kalitatif (Kominote ak pou Jèn). (Remak: Avantaj ki genyen nan fè evalyasyon separe nan chak kominote se posiblite konpare pwogrè nan kominote yo, si nou panse kominote yo diferan youn ak lòt—men sa mande plis tan ak resous.)

KUJAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

- 2.** Ale nan yon komisyon revizyon etik si posib pou fè apwouve rechèch la. Si sa pa posib, omwen, jwenn pèmisyon ak pèmi lokal. Pou Ankèt Kalitatif ak Jèn yo, nou ap bezwen pèmisyon paran ak pèmisyon nan enstitisyon (lekòl, elatriye) pou nou kapab envite patisipan yo.
- 3.** Angaje anketè lokal si gen resous pou sa. Angaje omwen de (2) anketè gason ak de (2) anketè fi. Nou kapab bezwen plis ankète toujou si nou ap fè Ankèt Kalitatif yo nan plizyè kominote) apa. Avèk de (2) anketè nan chak gwoup jèn fi, ak de (2) nan chak gwoup jèn gason, youn kapab poze kesyon epi lòt la kapab ekri repons yo nan chak gwoup.
- 4.** Chwazi dat, lè ak espas pou fè Evalyasyon Kalitatif yo ki bon pou manm kominote yo epi ki p ap fè repons yo gen prejije. Pa egzanp, si nou te fè evalyasyon Kalitatif yo nan biwo Kore Tifi, sa kapab fè patisipan yo santi yo oblige di bon bagay pou biwo a. Men, si Ankèt yo fèt nan yon lekòl oswa nan yon espas kominotè, patisipan yo ka pi alèz pou bay opinyon ki onèt. Sa ki pi bon espas pral depann sou reyalite kominote nou yo.
- 5.** Deside si pou ofri patisipan yo yon ti goute, ranbousman pou transpò, oubyen lòt lè yo vin patisipe nan Ankèt Kalitatif yo. Desizyon sa a depann sou reyalite kominote nou yo. Nou pa vle moun panse nou ap "peye" moun pou yo patisipe nan yon pwojè rechèch, sa ka pote prejije nan repons yo epitou poze pwoblèm etik. Men, nan kèk kominote, yon ti goute ak ranbousman pou transpò kapab bay kèk moun opòtinite pou yo patisipe ak tout libète yo. Diskite sijè a ak Ekip la pou fè desizyon an.
- 6.** Òganize lojistik pou fòme anketè yo ak lojistik pou fè Ankèt Kalitatif yo. Deside si nou ap sèvi ak yon aparèy pou anrejistre seyans Ankèt yo. (NB: Anrejistreman kapab sèvi kòm sipò pou pwoteje done yo epitou pou konplete nòt nou te ekri yo.) Si nou ap anrejistre, idantifye aparèy nou pral itilize pou anrejistre a. Pa bliye ajoute yon kesyon pou mande pèmisyon pou anrejistre nan kòmansman chak fòmilè Ankèt Kalitatif, nan pati sou konsantman.
- 7.** Fè fòmasyon pou anketè yo. Mete tèm sa yo anndan fòmasyon an:
 - Fason ankèt la ap ede kominote a jwenn avantaj nan Kore Tifi.
 - Enfòmasyon sou espas yo chak prale ladan pou kolekte done yo.
 - Etik nan fè ankèt (kijan pou jwenn konsantman, respè pou konfidansyalite, elatriye).
 - Sa pou nou fè si yon moun refize patisipe nan ankèt la.

KUAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

- Plizyè sesyon pou pratique kijan pou sèvi ak kesyonè yo, kijan pou fè antrevi ak kijan pou anrejistre repons yo. Asire nou bay fidbak pou anketè yo kapab vin djanm.
- Fason pou refere moun ki vle pale ak yon moun sou eksperyans li ak vyolans.

8. Chwazi patisipan yo. Sonje ideyalman chak Ankèt Kalitatif ta dwe genyen 8-10 patisipan. Nan kèk zòn, nou kapab envite kèk moun an plis, si nou panse tout moun yo ka pa vini nan jou nou envite yo. Chwazi patisipan yo:

a. **Ankèt Kalitatif nan Kominote:** Ekri yon lis kritè ki kapab ede nou idantifye divès kalte moun. Pa egzanp, nou vle rekrite patisipan ki genyen divès laj, reliyon e ki soti nan divès kouch sosyal nan kominote a. Kreye yon kalandriye ak anketè yo ki endike dat ak kote yo prale pou yo rekrite patisipan pou Ankèt Kalitatif nan Kominote. Yo kapab ale nan menm espas kote nou ap kolekte done pou Ankèt Evalyasyon Rapid la, oswa manm Ekip la kapab sèvi ak kontak lokal pou rekrite patisipan. Si anketè yo ale nan espas pou fè rekritman, fè yo revize lis kritè pou abòde moun ki gen pwofil ki nan lis la pou kolekte done, yo kapab di kichòy tankou: "*Mwen rele _____ epi mwen ap travay ak _____. Mwen ap mande si nou enterese patisipe nan yon brase lide ki pral fèt pandan yon demi jounen nan 2 semèn k ap vini yo sou zafè relasyon moun ak moun nan kominote a.*" Si yo dakò ak lide a, mande non yo, laj yo, reliyon yo ak nimewo telefòn yo epitou enfòme nou ap rele yo pou konfime ki kote, ki lè koze a ap fèt.

b. **Ankèt Kalitatif ak Jèn yo:** Deside sou yon bon melanj enstitisyon ak gwoup kote nou kapab jwenn tifi ak ti gason nan laj 10-19 ane pou patisipe. Klèb tifi, lekòl, ak lòt enstitisyon jèn ki nan kominote a, se bon kote pou nou jwenn patisipan. Nou kapab fè yon rankont paran pou jwenn konsantman paran yo, oubyen nan kèk lòt ka se pito enstitisyon oswa lameri ki kapab bay konsantman. Apre tout sa, n ap toujou bezwen mande jèn yo konsantman pa yo tou.

9. Revize lis posib patisipan yo ansanm ak anketè yo pou konfime gen divèsite nan patisipan yo kalte ak tranch laj yo, epi chwazi yon dènye gwoup patisipan pamis la. Manm Ekip la kapab bay sipò tou pou anketè yo lè yo rele patisipan nou chwazi yo. Dèke tout bagay apwouve, bay dat, kote ak lè pou rankont lan fèt epitou esplike klèman si ap gen konpansasyon. Nan ka Ankèt Kalitatif ak Jèn yo, bay enfòmasyon yo epi konfime patisipasyon an ak paran oswa ak enstitisyon ki bay konsantman epi konfime ak jèn yo tou.

10. Modifye fòmilè Ankèt Kalitatif nan Kominote ak Ankèt Kalitatif ak Jèn yo si gen bezwen, selon fòmasyon nou fè ak anketè yo ak lòt tès nou fè ak ankèt yo. Apre sa fè fotokopi zouti final yo, ansanm avèk Fòm pou Refi a plis Lis Referans lan pou anrejistre refi yo pou chak espas. Nou kapab jwenn modèl Fòm pou Refi a ak Lis Referans lan nan Ankèt Evalyasyon Rapid anndan dokiman sa (paj 68 ak 69).


KUAN POU NOU SÈVI AK LI? (SWIT)

11. Fè Ankèt Kalitatif nan Kominote ak Ankèt Kalitatif ak Jèn yo! Bay anketè yo sipò anvan epi pandan yo ap fè seyans yo. Kominike ak yo nan telefòn pou asire yo genyen materyèl yo bezwen epi tout bagay ap mache byen.
12. Lè yon anketè remèt nòt (Kominote) oubyen Fòm pou Rezilta (Jèn) ki konplete yo, revize yo anvan anketè a deplase pou asire nòt yo gen ase enfòmasyon epitou verifye si aparèy pou anrejistre a mache byen. Felisite yo pou travay yo!
13. Kolabore ak yon enstitisyon rechèch lokal pou ede nou analize done yo, oswa travay ak yon manm Ekip la pou estrè done ak sitasyon dirèk ki montre avanse ki genyen nan reyalizasyon Rezilta Faz la.
14. Lè rezilta Ankèt Evalyasyon Rapid ansanm ak Ankèt Kalitatif nan Kominote / Ankèt Kalitatif ak Jèn yo konplete, òganize yon Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon ki pi long, pou revize epi aprann sou tout rezilta yo. Si nesesè, kreye pwen dakson ki konsantre sou pwoblèm patikilye ki pa chanje jan nou te espere. Detèmine si kominote a pare pou nou avanse sou pwochen Faz Kore Tifi epi, si non, kisa egzakteman nou pral fè pou rive pare.
15. Kreye yon prezantasyon ak done ki enpòtan nou te dekouvri nan ankèt la pou Rezo a, lidè kominotè yo ak lòt òganizasyon ki ap travay pou anpeche vyolans sou fanm ak òganizasyon dwa timoun.

Pou òganizasyon ki ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak SASA/
Evalyasyon Kalitatif nan Kominote a sanble ak Gid Dyalòg SASA/ yo.

Ekip nou an kapab twouve kesyonè yo twò long pou poze menm patisipan yo tout kesyon toude kesyonè yo nan menm seyans lan. Pou nou pa fatige moun twòp, nou kapab chwazi lòt patisipan pou Gid Dyalòg SASA/ yo. Pou plis ransèyman sou Gid Dyalòg SASA/ yo, gade "Vin Maton nan SASA/" nan Faz Kòmanse, li disponib sou www.repansepouvwa.org. Lè nou ap analize rezilta yo, li enpòtan pou nou sonje nou kapab avanse sou pwochen Faz la sèlman lè toude metòd yo montre nou genyen avansman nou bezwen pou nou reyalize Rezilta Faz la.

Ankèt Kalitatif nan Kominote – Kore Tifi



Konsantman ak Prezantasyon

1) Prezante tèt ou.

2) Eksplike:

- a. "Mèsi tout moun dèské nou vini jodi a. Nou kontan pale ak nou tout. Nou ta renmen poze kèk kesyon sou kisa nou panse sou koze sante fi ak gason, sou relasyon ak diferan eksperyans fanmi yo viv nan kominote a."
- b. "Sa ka pran apeprè de a twazèdtan. Chak moun kapab deside sispann patisipe a nenpòt moman, oswa li kapab chwazi pa reponn yon kesyon si ou vle."
- c. "Repons nou bay yo ap rete konfidansyèl, epi mwen pa p ekri non nou. Nou ap sèvi ak enfòmasyon nou bay yo pou nou kapab planifye aktivite, epitou pou wè si nou ap fè yon bon travay."

3) Mande: "Èske nou gen kesyon?"

4) Mande: "Èske nou dakò kontinye patisipe?"

(Asire chak moun di "wi" pou lòt moun tandem. Si posib anrejistre seyans lan. Si ou prefere jwenn konsantman ekri, fè patisipan yo siyen fòm konsantman.)

5) Remèsyé patisipan yo ankò epi envite yo prezante tèt yo.

6) Defini règ jwèt pou jounen an. (Egzanp: konfidansyalite, respè pou opinyon tout moun, patisipasyon tout moun, mete telefòn sou mòd vibrasyon, ak lòt règ jwèt gwoup la konsidere ki itil.)

7) Esplike: "Nan zòn bò isit la tankou tout lòt kote, moun gen divès opinyon sou sa ki bon nan konpòtman fanmi ak nan konpòtman gason avèk fi. Nou ta renmen konnen sa nou menm nou panse sou konpòtman sa yo. Mwen pral poze kèk kesyon pou brase lide. Tanpri, chak moun dwe reponn onètman dapre jan li wè sitiyasyon an. Toujou sonje pa gen bon ak move repons, sèlman di mwen sa ki vre pou nou menm."

Kesyon

Konesans ak Kwayans

- 1) Ki konsekans sa genyen sou yon tifi lè yon gason fòse li fè bagay? Ki konsekans sa genyen sou kominote a?
- 2) Gen moun ki di li enpòtan pou pote atansyon espesyal sou tifi yo. Kisa ou panse sou sa? (Fouye plis: Ki kalite atansyon espesyal tifi yo ta dwe jwenn? Ki moun ki pou ba yo atansyon espesyal sa a?)
- 3) Kisa yon tifi ta dwe konnen sou kò li, sou fè bagay ak sou planin familyal? A ki laj / ki lè li ta dwe konnen enfòmasyon sa yo?
- 4) Ki mezi libète yon tifi ta dwe genyen pa rapò ak yon ti gason? Poukisa?
- 5) Kijan yon paran k ap leve yon timoun ka aprann timoun nan pou li pa sèvi ak baton, jouman ak lòt kalte vyolans sou moun? Apati ki laj yon timoun ta dwe kòmanse aprann tout sa?

Kapasite ak Konpòtman

- 6) Kijan nou kapab ede tifi yo dekouvri pouvwa yo? (NB: Nan ka sa a pouvwa vle di kapasite pou yon moun pote chanjman oswa deside sou sa ki pou pase nan lavi li, nan fanmi li ak nan kominote li.)
- 7) Lè gen yon pwoblèm nan kominote a, èske tifi patisipe nan efò pou jwenn solisyon? (Fouye plis: Kijan yo patisipe? Kijan yo manke patisipe? Dapre ou menm, poukisa se konsa li ye?)
- 8) Kijan tifi ak jèn fi yo jwenn sipò pou yo viv san vyolans nan kominote a? (Fouye plis: Ki kalite sipò yo jwenn? Ki kalite sipò yo pa jwenn?)
- 9) Kijan ti gason ak gason yo jwenn sipò pou yo viv san vyolans nan kominote a? (Fouye plis: Ki kalite sipò yo jwenn? Ki kalite sipò yo pa jwenn?)
- 10) Ki aksyon ou wè kominote a fè pou ede tifi yo vin gen plis pouvwa?
- 11) Ki aksyon ou wè tifi ak jèn fi yo fè pou yo kapab vin gen plis pouvwa?
- 12) Ki aksyon ou wè lekòl yo fè pou ede tifi yo vin gen plis pouvwa?
- 13) Ki konvèsasyon nou ta dwe fè ak tifi oswa ak ti gason yo pou ede yo viv san vyolans? (Fouye plis: Èske nou deja fè sa? Si nou poko fè sa, ki sa ki anpeche nou fè sa? Si nou deja fè sa kijan nou fè sa?)

Ankèt Kalitatif ak Jèn yo

Kore Tifi

Gen twa kalite egzèsis nan Ankèt Kalitatif ak Jèn yo: 1. Dakò/Pa Dakò sou Vyolangs, 2. Ti Teyat ak 3. Kat Kominotè. Nou kapab fè tout sa ak menm gwoup jèn yo. Se pou nou ta fè yo ak gwoup tifi apa ak gwoup ti gason apa.

Konsantman ak Prezantasyon

NB: Se pou nou jwenn konsantman paran oswa konsantman enstitisyon pou chak patisipan anvan nou kòmanse fè egzèsis yo. Ekip la kapab kreye yon fòm konsantman senp ki genyen:

- esplikasyon sou objektif evalyasyon an,
- pwoblèm ak avantaj li pote pou jèn yo, pou fanmi yo ak pou kominote a,
- esplikasyon sou kesyon konpansasyon,
- esplikasyon sou chwa ak volonte patisipan,
- esplikasyon sou fason tout sa yon moun di ap rete konfidansyèl
- yon espas pou moun nan siyen.

Pou jwen yon echantyon konsantman paran / enstitisyon, kontakte annanpechevyolans@gmail.com

1) Prezante tèt ou.

2) Esplike:

- a. "Mèsi tout moun dèske nou vini jodi a. Nou kontan pale ak nou tout. Nou ta renmen poze kèk kesyon sou eksperyans nou nan domèn sante, sou relasyon tifi avèk ti gason ak sa ki ap pase nan fanmi yo anndan kominote a."
- b. "Sa ka pran apeprè twazèdtan, nou kapab chwazi pa reponn yon kesyon. Se desizyon nou si nou vle patisipe, nou apresye patisipasyon tout moun, men pa gen pwoblèm ni penalite si nou ta vle sispann patisipe"
- c. "Repons nou bay yo ap rete konfidansyèl, epi mwen p ap ekri non nou. Nou ap sèvi ak enfòmasyon nou bay yo pou nou kapab planifye aktivite, epitou pou wè si Kore Tifi ap fè yon bon travay."

3) Mande: "Èske nou gen kesyon?"

4) Mande: : "Èske nou dakò kontinye patisipe?"

(Asire chak moun di "wi" pou lòt moun tandem. Si posib anrejistre seyans lan. Si ou prefere jwenn konsantman ekri, fè patisipan yo siyen fòm konsantman.)


5) Remèsye patisipan yo ankò epi envite yo prezante tèt yo.

- 6) Defini règ jwèt pou jounen an. (Enkli: konfidansyalite, respè pou opinyon tout moun, patisipasyon tout moun, mete telefòn sou mòd vibrasyon, ak lòt konsiy gwoup konsidere ki itil.)
- 7) Mande moun yo pou yo pa bay detay espesifik sou eksperyans yo te fè oswa sou eksperyans lòt moun yo konnen, se konsa pou nou respekte kondisyon konfidansyalite a.
- 8) Eksplike: "*Nan zòn bò isit la tankou tout lòt kote, moun gen divès opinyon sou sa ki bon nan konpòtman fanmi ak nan konpòtman gason avèk fi. Nou ta renmen konnen sa nou menm nou panse sou konpòtman sa yo. Mwen pral poze kèk kesyon pou brase lide. Tanpri, chak moun dwe reponn onètman dapre jan li wè sitiyasyon an. Toujou sonje pa gen bon ak move repons, sèlman di mwen sa ki vre pou nou menm.*"

Egzèsis:

Egzèsis 1: DAKÒ / PA DAKÒ SOU VYOLANS (20 minit)

Fè egzèsis la avèk gwoup ti gason apa, gwoup tifi apa (nou kapab jwenn yo nan lekòl, nan klèb tifi oswa nan òganizasyon kominotè).



Objektif:

- * Chèche konprann kwayans moun yo genyen sou vyolans.
- * Identife sou kisa yo genyen konsansis ak sou kisa yo genyen opinyon diferan sou sijè vyolans.

Preparasyon:

- * Fè fotokopi Fòm pou Rezulta - Dakò/Pa dakò a.
- * Ekri "Mwen dakò", "Mwen pa dakò" ak "Mwen pa konnen" sou 3 moso papye epi kole yo twa kote diferan nan sal la.

Etap:

- 1) Li deklarasyon pi ba yo epi mande patisipan yo pou yo deplase ale kanpe bò kote fraz ki reprezante opinyon yo sou deklarasyon an. Gade kantite moun ki kanpe bò chak moso papye sou Fòm pou Rezulta Dakò / Pa Dakò. Pou 4 denyè fraz yo, sèlman sèvi ak yo nan gwoup ak patisipan ki genyen 15zan oswa plis.

- 2) Apre chak deklarasyon: Mande kèk patisipan ki chwazi ale bò kote youn nan fraz yo "Mwen dakò" "Mwen pa dakò," ak "Mwen pa konnen" pou yo bay esplikasyon sou opinyon yo. Animatè/tris la kapab poze kesyon pou ankouraje patisipan yo brase lide, men li pa nesesè pou chèche repons ki "kòrèk". Ekri kèk mo pou rezime opinyon ki pi komen ki soti nan gwoup "dakò" a, nan gwoup "pa dakò" a ak nan gwoup "pa konnen" an. Lè li posib, ekri nòt ki pi detaye, nan yon kaye, sou konvèrsasyon ki devlope apre chak deklarasyon pou nou kapab analize yo pita (an kolaborasyon ak enstitisyon ki ap fè rechèch.)

- * Wòl prensipal yon fi se pran swen kay li ak fanmi li.
- * Ti gason ta dwe pase menm kantite tan ak tifi nan fè travay nan kay.
- * Yon gason ta dwe gen mo final sou desizyon lakay li.
- * Tifi yo ta dwe kapab chwazi marye lè yo vle marye.
- * Tifi ta dwe gen mwens libète pase ti gason.
- * Ti gason ta dwe gen plis opòtinite pou yo ale lekòl pase tifi.

(Poze kesyon pi ba yo sèlman pou jèn ki gen laj ant 15 a 19 ane)



- * Kèk fwa yon fi merite resevwa baton nan men mari li.
- * Yon fi ki fè bagay anvan li marye pa merite respè.
- * Lè yon gason fè asèlman seksyèl sou yon tifi, pi souvan se tifi a ki lakòz.
- * Lè mari oubyen mennaj yon fi fè vyolans sou fi a, pi souvan se fi a ki lakòz.



- 3) Konplete egzèsis 2 ak 3 apre sa remèt yon manm Ekip Fòm pou Rezilta - Dakò/Pa dakò a.

FÒM POU REZILTA - DAKÒ / PA DAKÒ

ENFÒMASYON

Dat: _____ Sit: _____
 Kantite total patisipan nan gwoup la _____

Sèks moun ki nan gwoup la (*antoure ak yon sèk*) Gason Fi
 Gwoup laj patisipan yo: _____ rive _____

REZILTA

Kantite patisipan pou chak pozisyon:	Dakò	Pa Dakò	Pa konnen	Esplikasyon ki pi komen
■ Wòl prensipal yon fi se pran swen kay li ak fanmi li.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
■ Ti gason ta dwe pase menm kanite tan ak tifi nan fè travay nan kay.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
■ Yon gason ta dwe gen mo final sou dezisyon lakay li.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
■ Tifi yo ta dwe kapab chwazi ki lè pou yo marye.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
■ Tifi ta dwe gen mwens libète pase ti gason.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
■ Ti gason ta dwe gen plis opòtinite pou yo ale lekòl pase tifi.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
(Pou moun ki gen ant 15- 19 ane sèlman)				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
■ Kèk fwa yon fi merite resevwa baton nan men mari li.				

(Pou moun ki gen ant 15- 19 ane sèlman) ▪ Yon fi ki fè bagay anvan li marye pa merite respè.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
(Pou moun ki gen ant 15- 19 ane sèlman) ▪ Lè yon gason fè asèlman seksyèl sou yon tifi, pi souvan se tifi a ki lakòz.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____
(Pou moun ki gen ant 15- 19 ane sèlman) ▪ Lè mari oubyen mennaj yon fi fè vyolans sou fi a, pi souvan se fi a ki lakòz.				Dakò: _____ Pa dakò: _____ Pa konnen _____

Egzèsis 2: TI TEYAT (1nèdtan - Faz 1-2 oswa 2zèdtan - faz 3-4)

Fè egzèsis la avèk gwoup ti gason apa, gwoup tifi apa (nou kapab jwenn yo nan lekòl, nan klèb tifi oswa nan òganizasyon kominotè).

Objektif:

- ✖ (Pou tout faz) Konprann divès fason moun aji avèk tifi / jèn fi.
- ✖ (Faz 3-4) Konprann kijan kapasite ak konpòtman tifi ak ti gason ap chanje.

Preparasyon:

- ✖ Fè fotokopi Fòm pou Rezulta – Ti Teyat
- ✖ (Faz 3-4 sèlman) Ekri oubyen fotokopye sèn Ti Teyat pou chak gwoup kapab jwenn pa yo.

Etap:

TOUT FAZ YO

- 1) Divize patisipan yo an gwoup ki gen 3 - 4 moun.
- 2) Mande chak gwoup devlope yon ti pyès teyat ki montre tifi ak ti gason nan kominote a ki nan enteaksyon youn ak lòt. Chak gwoup ta dwe montre yon kontèks ki diferan.
 - a. Lakay
 - b. Nan lekòl
 - c. Nan kominote a

- 3) Bay gwoup yo apeprè 10 minit pou yo prepare. Asire chak gwoup ap avanse epi konprann kisa pou yo fè.
- 4) Mande chak gwoup prezante pyès teyat la pou tout gwoup la.
- 5) Apre chak pyès teyat fini, chak moun nan ti gwoup la rete kòm pèsonaj li te reprezante a pandan kèk minit. Envite lòt moun nan gwoup la poze kesyon sou pèsonaj yo. Ekri rezime repons yo bay yo sou Fòm pou Rezilta a. Lè sa posib, ekri plis detay nan yon kaye sou konvèrsasyon ki fèt apre chak kesyon.

KESYON POU BRASE LIDE APRE CHAK PYÈS TEYAT.

- A. Kijan ti gason yo te aji ak tifi yo?
- B. Kijan tifi yo te santi yo lè ti gason yo fè sa?
- C. Poukisa ti gason yo fè sa?
- D. Èske gen diferans ant fason tifi yo aji ak ti gason avèk fason ti gason yo aji ak tifi yo? Poukisa oswa poukisa non?
- E. Kisa yon moun kapab fè lè li gen yon gwo pwoblèm?
- F. Èske ou wè gen chanjman konpòtman nan relasyon ant tifi ak ti gason depi kèk mwa ki sot pase yo? Di mwen kichòy sou sa.

FAZ 3 AK 4 SÈLMAN:

- 6) Divize patisipan yo an gwoup ki gen 3 - 4 moun.
- 7) Mande chak gwoup prepare yon ti pyès teyat kout ki baze sou sèn sa yo:

Gwoup 1: Yon zanmi ou vin kote ou paske li bezwen sipò apre yon moun te fè li lapenn. Kreye yon ti pyès teyat pou montre kijan ou ta kapab ede.

Gwoup 2: Gen yon moun ki ofri ou yon telefòn si ou fè yon bagay pou li. Men ou pa santi ou alèz pou ou fè sa li mande ou la. Kreye yon ti pyès teyat pou montre kisa ou ta fè.

Gwoup 3: Ou vle pou jèn ki nan kominate ou aprann devlope bon relasyon lè yo vin gran ak lè yo marye. Kreye yon ti pyès teyat pou ede yo konprann kisa yon bon relasyon ye.

- 8) Mande chak gwoup prezante pyès teyat la devan tout moun.

- 9) Apre chak pyès teyat fini, mande chak moun nan ti gwoup la pou li rete kòm pèsonaj li te reprezante a pandan kèk minit. Envite lòt moun nan gwoup la poze kesyon sou pèsonaj yo. Ekri rezime repons yo bay yo sou Fòm pou Rezilta a. Lè li posib, ekri plis detay nan yon kaye sou konvèrsasyon ki fèt apre chak kesyon.

KESYON POU BRASE LIDE APRE CHAK PYÈS TEYAT.

- * Èske nou ta fè menm bagay ak sa gwoup la fè nan sitiyasyon sa a? Poukisa wi, oswa poukisa non?
- * Èske nou ta fè kichòy ki diferan ak sa gwoup la fè nan sitiyasyon sa a? Poukisa wi, oswa poukisa non?

TOUT FAZ YO:

- 10) Apre chak gwoup fin prezante, li enpòtan pou retire aktè yo nan wòl yo t ap jwe a. Mache nan sal la epi mande chak patisipan di non li ak yon bagay sou lavi li tankou ki fwi li prefere, oswa ki aktivite li renmen fè.
- 11) Apre ou fin fè tout egzèsis yo, ekri sou Fòm pou Rezilta a tout nòt sou kijan fi ak ti gason konpòte yo nan ti teyat yo epi remake diferans nan konpòtman fi yo pa rapò ak konpòtman gason yo. Brase lide sou chanjman tifi yo oswa ti gason yo te rapòte nan chak kontèks.
- 12) (Pou gwoup ti gason) Egzèsis pa nou yo fini! Remèt yon manm Ekip Fòm pou Rezilta yo pou egzèsis 1 ak 2. (Pou gwoup tifi yo) Konplete egzèsis 3 a apre sa remèt yon manm Ekip tout Fòm pou Rezilta egzèsis yo.

FÒM POU REZILTA – TI TEYAT – TOUT FAZ YO

Dat: _____ Sit: _____
 Kantite total patisipan nan gwoup la _____

Sèks moun ki nan gwoup la (*antoure ak yon sèk*) Gason Fi
 Gwoup laj patisipan yo: _____ rive _____

Dat: _____ Sit: _____
 Kantite total patisipan nan gwoup la _____

REZILTA

	Lakay	Nan Lekòl	Nan Kominote
Jan ti gason aji ak tifi:			
Fason tifi santi yo lè gason yo aji konsa			
Rezon ti gason yo aji konsa:			
Diferans ant fason tifi aji ak ti gason avèk fason ti gason aji ak tifi. Sa ki menm.			
Kisa moun yo kapab fè lè yo gen yon gwo pwoblèm?			
Chanjman konpòtman nan relasyon ant tifi ak ti gason			

FÒM POU REZILTA – TI TEYAT – FAZ 3 AK 4 SÈLMAN

ENFOMASYON

Dat: _____ Sit: _____
 Kantite total patisipan nan gwoup la _____

Sèks moun ki nan gwoup la (*antoure ak yon sèk*) Gason Fi
 Gwoup laj patisipan yo: _____ rive _____

REZILTA

	Kapasite ak konpòtman yo montre / rekòmande	Kapasite ak konpòtman yo pa rekòmande	Poukisa
Gwoup 1: Kijan pou ede yon zanmi ki bezwen sipò			
Gwoup 2: Fason pou refize fè yon bagay ki fè w malalèz			
Gwoup 3: Fason pou montre / esplike yon moun kisa yon bon relasyon ye			

EGZÈSIS 3: KAT KOMINOTÈ (30 minit)

Fè egzèsis la avèk gwoup tifi sèlman (nou kapab jwenn yo nan lekòl, nan klèb tifi oswa nan òganizasyon kominotè).

Objektif:

- ✖ Idantifye espas kote tifi yo santi yo an danje epi detèmine koz ak konsekans ki fòme baz pou sans sekrite yo.

Preparasyon:

- ✖ Fè fotokopi Fòm pou Rezulta - Kat Kominotè.

Etap:

- 1) Mande yon patisipan sèvi ak yon gwo fèy papye ak makè pou desine yon kat kominote a (ki gen gwo kay, wout, zòn enpòtan nan kominote a, zòn rezidans, lekòl, legliz elatriye).
- 2) Ofiyamezi kat la ap devlope, ankouraje lòt patisipan mete men nan desen an tou.
- 3) Lè kat la fini, mande patisipan yo idantifye sou kat la kote yo santi yo pa an danje. Make espas sa yo sou fèy ak kreyon ki gen koulè espesifik. Mande yo make kote yo santi yo an danje ak makè ki gen koulè diferan. Make espas yo sou Fòm pou Rezulta a.
- 4) Mande patisipan yo sa k fè yo santi yo pa an danje yon kote ak sa k fè yo santi yo an danje yon lòt kote. Make repons yo bay ki pi komen yo sou Fòm pou Rezulta a.
- 5) Fè foto kat kominote a ki fini an epi konsève kat la pou revizyon apre.
- 6) Nan fen chak faz Kore Tifi, repete egzèsis la epi mande yon gwoup tifi desine yon nouvo kat. Vini avèk kat ki te fèt anvan yo epi mande tifi yo idantifye si gen chanjman. Pou espas kote sekirite amelyore (gen mwens danje), mande tifi yo poukisa yo panse sa rive. Pou espas kote ki toujou gen danje yo, mande tifi yo kisa yo panse sou sa. Menmsi espas la make "danje" toujou, patisipan yo ta kapab kwè yo mwens an danje nan espas la. Make kote sa yo ak rezon ki fè tifi yo pa an danje sou Fèy Rezulta yo tou.

FÒM POU REZILTA - KAT KOMINOTÈ

ENFÒMASYON

Dat: _____ Sit: _____
 Kantite total patisipan nan gwoup la _____

Sèks moun ki nan gwoup la (*antoure ak yon sèk*) Gason Fi
 Gwoup laj patisipan yo: _____ rive _____

REZILTA

Konplete chak fwa yo desine yon nouvo kat

Kote ki pa gen danje	Rezon prensipal ki fè kote a pa gen danje	Kote ki gen danje	Rezon prensipal ki fè kote a gen danje

Konplete apre konparezon nouvo kat yo ak kat ki te fèt nan faz anvan yo

Chanjmnan kat anvan yo	Kote ki te gen danje ki vin pa gen danje kounye a (oswa ki vin gen plis sekirite)	Rezon ki fè sa
	Kote ki rete ak danje (oswa ki vin gen plis danje)	Rezon ki fè sa

Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

(Opsyonèl) Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™"

Remak: Zouti sa a mande pou nou antre done ak fè analiz sou done yo.

KISA LI YE?	KIYÈS KI SÈVI AK LI?	KI LÈ POU NOU SÈVI AK LI?
Se Population Council ki te kreye Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™" pou ede òganizasyon ki ap fè pwogram ki santre sou tifi. Li la pou ede Kore Tifi rete santre sou pwoblèm tout tifi, sitou tifi yo ki nan sitiyasyon kote yo pa jwenn ni resous, ni sèvis. Se yon kesyonè ki senp, se pòtapòt pou li ranpli, antrevi fèt ak moun ki reskonsab chak kay sou sitiyasyon tout fi ki nan kay la. Li ede nou jwenn enfòmasyon sou nivo edikasyon, si yo nan koup, kondisyon yo ap viv, ak si yo fè pitit, elatriye.	Manm Ekip pwogram nan oswa anketè lokal ki se jèn fi.	Pou etabli liy de baz sèlman.
POUKISA LI ITIL?	<p>Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™" bay enfòmasyon rapid sou popilasyon tifi ki ap viv nan yon kominote. Li ede manm Ekip la rive atenn tifi ki gen mwens pouvwa nan kominote a. Yo sèvi ak zouti sa a toupatou nan lemonn.</p> <p>Nan Kore Tifi, Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™" kapab sèvi nan liy de baz pou rasanble done sou tifi yo nan kominote a. Li kapab ede nou idantifye ki kategori nan popilasyon tifi yo ki merite plis atansyon epitou ede idantifye ki pwoblèm ki pi enpòtan pou tifi pou nou konsidere nan chanjman nou vle pote nan kominote a. Al gade "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi" (Faz 1 paj 27) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou nou entegre Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster" nan pwosesis kreyasyon klèb tifi.</p>	
KIJAN POU NOU SÈVI AK LI?	<p>Pou jwenn plis ransèyman sou fason pou itilize Ankèt Tifi Prezan "Girl Roster Tool™", oswa pou jwenn modèl pou antre epi analize done, kontakte Population Council nan girlroster@popcouncil.org oswa vizite: http://www.popcouncil.org/uploads/pdfs/Girl_Roster_flyer.POPCOUNCIL.2015.pdf.</p>	

Kreye vrè chanjman

Bon planifikasyon, swivi ak evalyasyon se eleman kritik nan kreyasyon vrè chanjman. Zouti nan dokiman sa a bay enfòmasyon, metòd ak pwosedi manm Ekip ak manm Rezo ap bezwen pou fè refleksyon kritik sou travay yo. Refleksyon sa yo dwe ede nou maksimize chanjman pozitif Kore Tifi kapab pote nan kominote a!

Nòt

- 1 Adapte apati MICHAU, L., SIEBERT, S. & DESSABLES, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •
Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre